mencok asurak-surak  
kadya njaluk tulung  
cabak anabuh gendhongan  
sisikatan yen wonga abaksa ranging  
anembang kalindrisah.

### III. DHANDHANGGULA

1. Kagyat awungu Nyi Silabrangti  
amiyarsa paksi awurahan  
pupungun lengleng driyane  
anukmeng daryanipun  
paksi iki kadya ngaruhi  
polaheng brangta ing yang  
tekeng don aturu  
angur aja nglalanaa  
wetenge lan napsune den kuratени  
dadi ngucap mangkana.
2. Tumurun aris Nyi Silabrangti  
arsa ngambil toya asambayang  
asalat Asar karsane  
Bi Candhini winuwus  
wus angambil er pangastuti  
arsa tumut asalat  
mangkya gustinipun  
sampun angange mukena  
dipun pasang ing ngenggene angastuti  
sampun angkat komat.
3. Anjeneng mangkya anjum pangeksi  
kang madhep ing lyan kang sinangkretan  
tan mengeng ing lyan tingale  
astu anunggal kayun  
wus angener panjeneng neki  
pan madhep maring kiblata  
tata kramanipun  
kalbune madhep ing Amar  
wus rumangsa yen kinen amba amuji  
sembahira wangsula.
4. Angiket niat sampun kaesthi  
kasdu tayin tahrul wus kawayang  
ing jro lekase sembahe

pareng takebiripun  
aksarastha kang den parengi  
cipta dhateng ing manah  
yen Allah kang Agung  
arah maring kang sinembah  
sampun meraj sembahe nora kalingling  
anging kang sadya nembah.

5. Munajate sapocapaneki  
sakehing puji kawilang wilang  
punika minangka ture  
sembahing dasi iku  
pan kinarya larapan neki  
anebut ing priyangga  
ing piyambekipun  
iku sembah kang sinihan  
lir pawana amargeng tulupan neki  
dennya muji anembah.
6. Dadya jenenge iku tungadil  
paran tegesing tungadil ika  
kadheh kaganten sembahe  
kaliput ing sih iku  
dadya sirna sembahing dasi  
lir sodama lan surya  
ing raina iku  
sapandulon lawan arka  
ing keleme sodama tan dadi rawi  
iku sembah utama.
7. Wiyosing takebir sampun kesthi  
amaca wajah Nyi Silabrangta  
den adhepaken raine  
ing Pangeran kang Agung  
kang agawe langit lan bumi  
sunat wajah punika  
patehah kang perlu



amimiti nebut nama  
kang murah ing dunya kang asih ing mukmin  
ing tembe ing akerat.

8. Alhamdu ika sakehing puji  
katura mangkya mara ing Allah  
Pangeraning alam kabeh  
kang murah dunya iku  
ingkang asih rekehing mukmin  
ing tembe ing akerat  
iya iku Ratu  
punika dina kiyamat  
kang tinedha kasirnan tulung ing dasi  
sakeh dosa doraka.
9. Liwatena dadalan arusit  
tuduhena marga kang apadhang  
den kadi ing dadalane  
kakasihira iku  
para saleh lan para wali  
miwah para anbiya  
aja kang kayeku  
kawula kang pinurikan  
wong lalalat puniku Tuhan bendoni  
lan Tuhan tarimaa.
10. Wiyosing Alhamdu sampun kesth  
Amaca sahat Nyi Silabrangta  
sunat punika adate  
rukuhipun kang perlu  
mangka rukuh Nyi Silabrangti  
angapesaken angga  
semuning anuhun  
alpa langganane ing Yang  
yen tan tulus apuranira dumadi  
dadya tadhah mastaka.
11. Angangkat mangkya sira atangi

lah Tuwan rekeh piyarsakena  
dasi punika ature  
asujud tan asantun  
anrahaken kang anggoteki  
ing kang pitung prakara  
den soraken iku,  
anggota ing kang minulya,  
den soraken lir tirta sakehing ardi  
mangke maring sagara.

12. Angangkat mangkya sira alinggih  
tumaninah ing linggihe ika  
sukur rena satitahe  
pracaya ing Yang iku  
yen asipat pangapureki  
pindho sujude ika  
kadi kang rumuhun  
anjeneng miti rakangat  
sampun jangkep rakangat ing kakalih  
mangkya atahyat sunah.
13. Ambengal rekeh jenenge iki  
tahyat awal ika kawruhana  
titiga ika kathahe  
sunat abengalipun  
yen kalalen sujud sahwi  
kocap ing dalem surat  
den wruh jatinipun  
lungguh tahyat lan salawat  
nggih puniku ingaran abengal iki  
jangkep tigang prakara.
14. Anjeneng mangkya sira mimiti  
rakangat ing kang ing pungkur ika  
kalih rakangat kathahe  
pan salat Asar iku  
pan sakawan rakangat neki

sampun jangkep sakawan  
mangka tahyat perlu  
nem prakara parluneka  
lungguh tahyat salawat lawan taretib  
salam kalawan niat.

15. Ambuka salat Nyi Silabrangti  
salam ingaran pambuka salat  
perlu kang munggend kanane  
ngalekum wangenipun  
sunat rekeh salam kang kari  
sampuning asung salam  
amujya sireku  
amaca tasbih lan dunga  
nora sah seru done osiking ati  
iku sembah utama.
16. Andikaning dutadi sinelir  
amiyarsa swaraning amuja  
kalintang banget swarane  
Sang Dutadi amuwus  
aja sira asruh amuji  
mapan Pangeranira  
wus sadya angrungu  
wruh ing jro sik parimanah  
nora tuli asipat Samingun Basir  
marmane kang mangkana.
17. Nyi Candhini wau atakebir  
tansah limut dening panca driya  
katon saulah gawene  
den ririhi tyasipun  
den angkat malih usali  
anuli nuli dennya  
niyat ing jro kalbu  
pareng tibaning aksara  
ing ngarame asuwe amijet ranti

iku sembahing madya.

18. Kang saweneh sembah tan wring westhi  
angon medal lisan kewala  
tan wruh ing ubang-abinge  
lisane sasar-susur  
tata lapal tan den kawruhi  
sunat parlu punika  
mapan dereng weruh  
tan arsa atatanya  
nora wikan yen iku sembah sampali  
akeh kang wong mangkana.
19. Dan warnanen tingkahira brangti  
Nyi Silabrangta anganyut karsa  
tan den marmaken awake  
malebung alas Agung  
tan atebah Babu Candhini  
minangka rewangira  
tanseng wurinipun  
angebute amegat tresna  
amateken raga sadurunge mati  
kumambang ing wisesa.
20. Wratma apujya jurangnya rumpil  
sela geng ika angapit marga  
toyanya dres gumarenjeng  
tibeng sela sumembur  
wehnya wening lumutnya wilis  
ing pinggir kala ika  
lawan pacar banyu  
pakis tumuwuh ing sela  
wuluh lumang ing tepi lawan ampiji  
wilaja mangalasa.
21. Pring andhapur munggendu kanan keru  
gesing dumudul lumung ing toya  
cindhaga pudhaknya ngure

kumalalah ing watu  
pakis sata mungguh ing tepi  
kasongan wraksa praba  
sinomnya sumuruh  
patran ingkang mulung lungkar  
sanggakasih ing tepi lawan ampiji  
anjrah warnanya babar.

22. Wraksa gung gorda ngungkuli tepi  
wreh bawurahan amangsa wohan  
len lutung ika rewange  
kayungyun polahipun  
kang saweneh ing pang alinggih  
amangsita rewangnya  
yen ana wong rawuh  
rewange wis sami teka  
Nyi Candhini tumingal mesem ing ati  
satyaa idhep jalma.
23. Ana alinggih sela tumawing  
raspati denny a mangun ehal  
ing guwa denny ariren  
tanpa kilem ing dalu  
lamon siyang tan ayun bukti  
asruh amesuh raga  
anyegah ing napsu  
wis lali ing raga jiwa  
sampun leseh sarirane den larani  
sampun pindha kurnapa.
24. Angrupek idhep wus apatitis  
pucuking grahnya kang tiningalan  
tan laling panjing wetune  
tan sinunga kasurup  
panjing wedale datan lali  
meraj turune ika  
tapakur ing luhung

alam sakawan den jijah  
tan kaliru prenahe sawiji wiji  
iku ingaran lampah.

25. Alam Nasut iku kang karihin  
iya iku alaming manusa  
sarengat iku lampahe  
kapindho lam Malakut  
kang den tarak mengeng ing ati  
madhep ing Yang tan luar  
ing ping tiganipun  
Jabarut namaning alam  
iya iku alaming roh kang utami  
puji tanpa pegatan.
26. Alam Lahut sakawane iki  
iku pasabanira sawus mah  
wus lebur tata kramane  
tanana kang katutur  
raga jiwa sembah pamuji  
susirna kawratmaka  
tanana katutur  
sampun katingal ing tingal  
kang jumeneng punika nora kakalih  
anging ana ing purba.
27. Leseh raganing anarna kapti  
warnanira apindha kunarpa  
anging kari keketege  
Bi Candhini andulu  
dahat sira mangkya priyatin  
gustinya mating raga  
tan wring polahipun  
kari ketege kewala  
Bi Candhini gustinipun den tangisi  
asruh denny karuna.
28. Kagyat awungu Nyi Silabrangti

amiyas swaraning karuna  
den awehaken tangane  
aris wedaling wuwus  
ajya nangis Babu Candhini  
lara iki kinarya  
ajya ta winuwus  
pan sinadya saking aya  
Bi Candhini gustinipun den aturi  
den prih mantuk ing girya.

29. Kadyangganing anguyahi tasik  
atur manira ing pakanira  
anedha tapa ing rame  
alingan dunya iku  
dipun tetep ing pangabakti  
saulahing sarengat  
punika den ketung  
anglinggihi ngarah wang  
batal karam winicara den abecik  
lungguhing alul iman.
30. Mapan wenten kramaning pawestri  
Patimah rekeh namane ika  
punika tinut kramane  
satya tuhu ing kakung  
wus temahe rekeh pawestri  
tinilar dening priya  
sampun jemakipun  
kang rama Nabi Suleman  
kang ingaran Wuryan punika alaki  
tinilar dening priya.
31. Nyi Silabrangta amuwus aris  
Bibi Candhini sira mantuka  
maring Wanamarta rekeh  
warahen sanakisun  
miwah rekeh ing rama kalih

warahen yen wis pejah  
pemi dipun katur  
lawan sira mradikaa  
angungsia wangsa kadangira bibi  
lah sira mradikaa.

32. Dhan njalukisun ning sira bibi  
lamon ana bibi dudu ningwang  
anjaluksuka den akeh  
mangkana malih isun  
lamon sira alpa ing mami  
isun suka ing sira  
ewuh ing tumuwuh  
manawi kalingan pejah  
den karungu ijab kabulira bibi  
halal pan sami halal.
33. Bi Candhini ika matur aris  
wijiling sabda asmu karuna  
dening tan kedhep ature  
punapa penedipun  
yen manira mantuka dhingin  
pan tan satya ngawula  
paran marminipun  
iya idu reh pinapa  
gusti asih santosa amamajari  
tur asung papradikan.
34. Yadyan lebura den kadya agni  
manira tumut ing pakanira  
pan puniku tapakane  
tinukung satya tuhu  
mapan rekeh wuruking ilmi  
ing aksara sakecap  
sampun kangken guru  
sing purwaning patakenan  
sinung jajah titiga dera Yang Widi



aneng jroning naraka.

35. Linaleken ngilmune yen mati  
ingalap dunya kang halal  
ping tiga cendhek umure  
punika jangnipun  
miwah rekeh yen tekang pati  
aneng jroning naraka  
manira angrungu  
wong murtad ing patakenan  
Silabrangta padanira den sungkemi  
lah mangsa malecaha.
36. Bi Candhini pan saya birahi  
aptining dirya amrih laksana  
den lampusaken awake  
malebung alas agung  
dennya linggih sira aningkir  
asruh amesuh raga  
adoh paranipun  
lampahe kalunta lunta  
Bi Candhini saenggen-enggen birahi  
Silabrangta neng guwa.

#### IV. DHANDHANGGULA

1. Bi Candhini mangke aningali  
babadan anyar angunga jurang  
asangkep tatandurane  
kacang lan tebu wulung  
tales cina lan katak uwi  
karangdhang payodara  
ing pinggiripun  
tales bakatal bilungkang  
putih lalaja kakara benguk cicipir  
ing pinggir cabe sabrang.
2. Pagagan ika asri angrawit  
lor wetan pantun lagi adadan  
asangkep tatandurane  
jali jawawut jagung  
kacang wijen lan katak uwi  
mawor lan kapas warsa  
anjrah sekaripun  
pinageran santen sarah  
tinaneman encung kelor lan kumbili  
ing pinggir purwa sata.
3. Bi Candhini remen aningali  
milanira ika ayun wikan  
ing prenahipun wesmane  
lumaju lampahipun  
karsanira bi mbok Candhini  
mangke sun apopoyan  
maring gustinipun  
saksana mangke tumingal  
masjid alit linepang sela candhani  
natar kederan toya.
4. Tur yang ngrawit saponnya aresik  
pinarigi sela kakarangan  
linepa bata natara

kasongan dening nadul  
tiningalan ika angrawit  
winancak suji kembang  
wiwijilanipun  
sekar tinatang dewata  
tinaneman nudenta angulilingi  
Bi Candhini kacaryan.

5. Pepethetannya asri angrawit  
jambangan cinawih raja metha  
ukir ukiran umpake  
winarneng ijo pahul  
surambine linepa putih  
ginelaran kalasa  
trebange gumantung  
dhukuhe ki Mangunarsa  
toya mili tinalangan ampel gadhing  
tirta jinalatundha.
6. Syekh Mangunarsa ana eng masjid  
asambayang lawan santrinira  
amung wong roro rencange  
sampun asalat metu  
mangke linggih sireng surambi  
sarwi amaos Kuran  
santri Montel metu  
anuli maring walahar  
tiningalan ing jawi ana pawestri  
Montel tinatakenan.
7. Pasang tabe manira ki santri  
manira tanya ing pakanira  
dhekeh puniki wastane  
anyar rekeh kadulu  
sapa sinten kang andarbene  
dening asri winurdyan  
ki Montel sumaur

iki dhekeh Wanantaka  
Mangunarsa wastane kang andarbeni  
wahdat maksih taruna.

8. Bi Candhini ika aglis bali  
arsa matur dhateng gustinira  
kalintang walang atine  
mangke sarawuhipun  
dipun tutur sapolahneki  
bai wenten panggihan  
tur asri anglangut  
anenggeh ing Wanantaka  
masjid alit linepa sela candhani  
natar kederan toya.
9. Kang adrebe ika aneng masjid  
asambayang lawan satrinira  
amung wong roro rewange  
sampun asalat metu  
mangke linggih sireng surambi  
dodotipun kacang bang  
kulambine cepuk  
aromal sakalor pethak  
sebe wulung iket ikete cawening  
bayah jalma awirya.
10. Angaji swaranya rum amanis  
pepesan ketan emper kungira  
saking pungkur lelewane  
ing tindak tandukipun  
sasolahe rekyan genteni  
wandeya de punika  
ing panedhanisun  
antuka gusti mangkana  
Bi Candhini den jiwel lambene anjrit  
muga matiya bangsa.
11. Gustine mangke dipun aturi

nyai pened ugi dinombanan  
tinilap panatarane  
saking panduganingsun  
pambekane ari myang budi  
kai santri punika  
ing panedhanisun  
dadya kadang kaliliran  
baya pantes rewang ing ngabaya pati  
emut maca tigapar.

12. Nyi Silabrangta tumulya aglis  
tumurun mangkya ahawah sinjang  
menggep den cangking kaskule  
anandhang sinjang wungu  
kulambine taluki wilis  
wus tinambal ing sutra  
anandhang salimut  
tuhu tilasing ngawirya  
Nyi Candhini tambale limar katangi  
anandhang sebe pethak.
13. Lumampah lon astane den kanthi  
kadya semuning asra babandan  
wirang maring Pangerane  
pan semuning wong luhung  
kang den tilas den taki-taki  
nora angumbar tingal  
warnanipun ayuh  
pantes atasbe kuruba  
warna wenes wadana asawang sasih  
wau mentas grahana.
14. Syekh Mangunarsa ana ing masjid  
waskitha yen wonten ayun prapta  
rubiyah ayu rupane  
sampun tumampeng semu  
dipun regep sariraneki

yen ana cobaning Yang  
anedha pitulung  
muga raksanen dening Yang  
santri Montel tigapare andharidhit  
tumon ing Silabrangta.

15. Silabrangta mangu lampahneki  
tumingal mangkya Syekh Mangunarsa  
ana pindhane kakunge  
anukmeng dharyanipun  
dipun regep sariraneki  
yen kinarya tapakan  
sing karya tan tulus  
angucap ing jroning nala  
tan rubiyah yen maksih angumbar kapti  
masih rasa rumasa.
16. Dadya lampahe mangkya lumaris  
anjujuk mangke dhateng wesma  
gupuh sinambroma mangke  
Mangunarsa amuwus  
anedha rekeh sami alinggih  
sampun awet ing natar  
lamon darya tulus  
angucap sajroning nala  
Ki Syekh iki semune malang ngateni  
mambu baud anawang.
17. Sampun sira mangke sami linggih  
nulya sinegehan pamucangan  
sarwi eca dennyia riren  
Mangunarsa amuwus  
sabdanya rum wijilnya manis  
bayah ana sihing Yang  
atamuan luhung  
rubiyah ngucap ing nala  
tan wong luhung doraka langganeng Widi

tanggung anggunggung raga.

18. Mangunarsa mirare nimbali  
mintara sira maraheng gaga  
ameta kacang lan gudhe  
kalawan tebu wulung  
Ni Dereman mintara nini  
ameta kekeleman  
mintar kang ingutus  
si Sulatrih sira dangah  
santri Monthel sira ngedhuka kumbili  
sami asusuguwa.
19. Sampun sira mangke sami prapti  
Bi Sulatrih wus denira adang  
sampun asasaji mangke  
sampun aimbuh sekul  
Nyi Sulatrih asaji wari  
toya mungguh ing cuthang  
ing sasajenipun  
tan awang pakenakena  
jangan kacang sambel jahe lalab ranti  
kulube kara ana.
20. Pelas pakem lalabe kamangi  
pencok gudhel lawan sambel sahang  
tan kantun tumtuman gudhe  
sampun aimbuh sekul  
Silabrangta ika ngecani,  
lamine brangta iYang  
wus lali ing sekul  
Mangunarsa sampun wikan  
Dereman mangke sira den wangsiti  
ajang wus ingalapan.
21. Wus tumurun Yang pratangga wengi  
Mangunarsa ika dan asalat  
asalat magerib mangke

Mangunarsa baweku  
santri Monthel milyu ngabakti  
sampun bakda asalat  
santri Monthel ngutus  
undangan Ki Agungrimang  
wartanana yen ana dhayohan prapti  
ambaktaa tarebang.

22. Aglis lampahe ki Monthel prapti  
ing wesmanira Syekh Agungrimang  
manira iki kinengken  
angundang ing sireku  
ambaktaa tarebang kaki  
rakanira dhayohan  
adoh sangkanipun  
nenggeh Wanamarta  
apaparab Nyi Rubiyah Silabrangti  
wesmane Wanamarta.
23. Syekh Agungrimang amuwus aris  
santri Monthel kayapa ing sira  
mong sanak wong wadon mangke  
iku isun angrungu  
lumampaha den kadya nabi  
iku maksih apungan  
idajal angaruh  
Ki Monthel anurut sabda  
amrih singgih ing wuwus kadi puniki  
anging kirang punapa.
24. Agungrimang mangkat datan aris  
sampun apajar ing garwanira  
aken asajiya jambe  
mangko satekanisun  
Agungrimang mangkya alinggih  
sarwi mangku tarebang  
kersane amubyung



santri **Monthel anerebang**  
den sairi walatada anjalurit  
trebange anggaruntal.

25. Agungrimang solahé raspati  
wong pawestri padha keh kegiwang  
tumingal ing lelewane  
alul wasil ing tembung  
sing gamelan tan den singgahi  
pan utameng gamelan  
ing walakanipun  
dennya linggih amadhapah  
kulambine den wingkis selbab sultoni  
bonyoh dening kalembak.
26. Anerebang swara rum amanis  
wong pawestri padha keh kagiwang  
tumingal ing lelewane  
asuluk campur bawur  
swara manis nyenyep alindrih  
yèn anginuma toya  
wong istri angrungu  
anguyuh uyuh tanana  
Bi Candhini atigapar ing jro ati  
angrasa yèn kagiwang.
27. Trebange munya angalik alik  
Agungrimang denira narebang  
apatut lawan gendhinge  
Monthel nambungi kidung  
sulukupun usul den gurit  
tingkahing arta halal  
lawan toya wuluh  
Mangunarsa anerebang  
den sairi tutur jati swaranya ris  
Silabrangta kacaryan.
28. Bi Candhini ika den wangsiti

lah amedalena patekadan  
cobanen ing pangawruhe  
Bi Candhini wus emut  
suwalipun den ati ati  
kai santri punika  
karsane dinunung  
angucap sajroning nala  
santri Monthel sun gudher padha sawiji  
mangko masalah iman.

29. Kai santri sun atanya kai  
kaya apa karsa pakanira  
ana wong ngucap mengkene  
iman iselam iku  
kaya apa bedane iki  
miwah ta lamon tunggal  
kaya apa iku  
kang iman iselam ika  
baya apa beda lawan tunggalneki  
lah rekeh ucapena.
30. Yen tunggal iku rukun sawiji  
kang iman lawan iselam ika  
apan tunggal lan rukune  
punapa karsanipun  
yen bedaa rekeh puniki  
iku antara mangsa  
iman islam iku  
puniku bedaning tunggal  
yen tan wruha idhepe sarikul kari  
dadya abangkah ika.
31. Santri Monthel aris amangsuli  
bok Rubiyah rekeh ucapena  
manira mundur ataken  
manira mindha tuhu  
dipun tulus amamarahi

ing jalma mindha ina  
tingkah ing wong dhusun  
katungkul angamet kasab  
asambawa wikana jatining wangsit  
nistha ambek walaka.

32. Santri Monthel winarni ing wangsit  
kai santri ucapena  
imaning salam bedane  
myang kadi rukun iku  
ucapena sawiji wiji  
aja ta kumalamar  
ing kawruh puniku  
punika lamon tan wruha  
nora salam dening dhastar lan kulambi  
manira amiyarsa.
33. Santri Monthel aris amangsuli  
bok Rubiyah manira miyarsa  
iman iselam bedane  
lahir lan batin iku  
kang iselam puniku lahir  
iman batin punika  
ingkang islam iku  
satuhu anut andika  
ing cegahe puniku dipun singgahi  
anrangaken sarira.
34. Bedane puniku batin lahir  
kang iman lawan iselamena  
lir bawang bang pralabine  
kalih lan carminipun  
yen dinulu ora kakalih  
wiyose nora beda  
ing jro jabanipun  
ngamal mijil saking iman  
amrih singgih Rubiyah atanya malih

mangke manira takyan.

35. Rukunipun tan kadosa pundi  
kang iman lawan iselam ika  
pira kathahe rukune  
apa tegesing rukun  
santri Monthel mangkyà nauri  
manira amiyarsa  
ing tegesing rukun  
punika neggeh wak awak  
iman iku pipitu rukune iki  
islam limang prakara.
36. Angandel ing Allah kang karihini  
yèn anane purba tan sasama  
ping kalih ing malekate  
kang tiga kitabipun  
lan sakawan utusan neki  
lawan dina kiyamat  
ing lilimanipun  
ping neme ing untung ika  
pipitune ala kalawan abecik  
puniku saking Allah.
37. Yen wonten sak ing salah sawiji  
kang wis kocap kang pitung prakara  
kupur ilang agamane  
mangka wong islam iku  
tanpa pedah yen kupur iki  
anglampahana amal  
lir toya mili ku  
iku nora tinarima  
dosa ageng ing kupur nora madhani  
manira amiyarsa.
38. Anadene rukuning islam iki  
limang prakara kathahe ika  
sadat roro karihine

mujemal arani pun  
ping kalih sambayang waktu li-  
lima ping tri sung jakat  
ping sakawanipun  
punika rekeh puwasa  
lilimane punika munggaha haji  
yen sarta sangunira.

39. Den tinggal ing salah sawiji  
apan iku dadya dhengdhaning Yang  
papah ageng tinemune  
yen linampahana iku  
pan sinungan ganjaran lewih  
pan wus ubaya ning Yang  
asung swarga luhung  
ing dasi kang nyandhang iman  
bi Candhini mangke sira amrih singgih  
mangko manira tanya.
40. Kaya paran karsane puniki  
kang sadat kalih kalimah ika  
ki santri ika dan linge  
sadat ingkang karuhun  
auging Allah kang den sakseni  
pindhho Nabi Muhammad  
yen iku ingutus  
sing sapa ngawruhi Allah  
ing Muhammad iku nora den kawruhi  
wong iku durung selam.
41. Mujemale ta kadosa pundi  
sadat roro ingaran mujemal  
ingkang pundi mupasale  
santri Monthel amuwus  
mupasale nenggih puniki  
makripat tokid iman  
islame akumpul

ing sadat kalih kalimah  
Bi Candhini amicara jroning ati  
manda ki Mangunarsa.

42. Bi Candhini winardi ing wangsit  
Bok Rubiyah manira atanya  
ngungsi wong wadon kawruhe  
kang pinarlokken iku  
pira kehe ngungsi pawestri  
ing karsa pakanira  
punika den ketung  
akeh kang wong paksa bisa  
tinja junub tinakenan angulati  
tinog akulintingan.
43. Ucapena iku den abecik  
manira iku yun miyarsa  
ngungsi wong wadon kawruhe  
yen nora wruh wong iku  
sing karyane nora lastari  
lir sato asambawa  
polahe wong iku  
kaya martabating kewan  
lir mahisa arupa wong yen liningling  
kalintang saking kewan.
44. Bi Candhini rengu ulatneki  
kai santri manira miyarsa  
dusing wong wadon kathahe  
kang pinarloken iku  
pan lilima manira manggih  
kakalih ing wong lanang  
punika kang perlu  
kayapa ing pakanira  
santri Monthel wuwusira amrih singgih  
lah rekeh ucapena.
45. Karihin eb arane puniki

ping kalih ika pake janabat  
wilada ing ping tigane  
nipas sakawanipun  
lilimane yen ika mati  
mayid ika dinusan  
punika kang parlu  
kakalih wong lanang ika  
iya iku janabat kalawan mayid  
manira amiyarsa.

46. Santri Monthel atanya amardi  
Bok Rubiyah manira atanya  
parlu punapa tegese  
Bi Rubiyah amuwus  
ingkang parlu nenggih puniki  
tawab yen linampahan  
pakarti puniku  
ginanjar dening Pangeran  
yen tinilar parlu iku andosani  
puniku tur aniksa.
47. Kang sunah rekeh kadosa pundi  
manira tanya ing pakanira  
manira yun wruh tegese  
Bok Rubiyah amuwus  
ingkang sunah rekeh puniki  
sawab yen linampahan  
pakarti puniku  
ginajar dening Pangeran  
yen tinilar iku nora andosani  
manira amiyarsa.
48. Kang karam lawan kang makruh iki  
bok Rubiyah iku ucapena  
manira yun wruh tegese  
kang tinog dan amuwus  
singkang karam manira manggih

sawab yen linampahan  
ipalane agung  
ginanjar dening Pangeran  
yen ingambah iku rekeh andosani  
puniku tur siniksa.

49. Kang makruh punika kados pundi  
bok Rubiyah ika jatenana  
manira yun wruh tegese  
bok Rubiyah amuwus  
kang makruh nenggih puniki  
sawab yen sininggahan  
wipalanya agung  
ginanjar dening Pangeran  
yen ingambah iku nora andosani  
manira amiyarsa.

50. Kang muba iku kadosa pundi  
bok Rubiyah karsa pakanira  
Rubiyah aris saure  
ingkang muba puniku  
yen ingambah nora ndosani  
nora mawih wipala  
jejyah jenengipun  
yen ingambah pan mangkana  
nora niksa iku nora andosani  
manira amiyarsa.

51. Bi Candhini ika tanya aris  
kai santri manira atanya  
janabat lan junub mangke  
punapa bedanipun  
yen tunggala kadosa pundi  
ing karsa pakanira  
Ki Monthel amuwus  
yakti puniku pan beda  
junub iku andohi lilima iki



janabat asusuciya.

52. Kadi pundi pandoha puniki  
kang junub ika limang prakara  
ki santri saure  
pandohe karuhun  
nora kena asalat iki  
lan anggarap musakap  
kaping tiganipun  
tan wenang agawe musakap  
sakawane tan wenang amungguh haji  
mider mangke ing kakkah.
53. Kados punapa arane iki  
janabat lawan wulu ika  
kadas punapa arane  
santri Monthel sumaur  
kang janabat rekeh puniki  
ingaranan akebar  
ingkang toya wulu  
ingaranan kadas asgar  
kang akebar iku rekeh anyukupi  
maring kadas asegar.
54. Kang asegar nora anyukupi  
miwah rekeh wong adus janabat  
den sarta lawan niyate  
kalawan toya wulu  
pan winenang rekeh puniki  
cinaning katutupan  
ingkang toya wulu  
den sartaken lan janabat  
nora wenang cinane nora nyukupi  
manira amiyarsa.
55. Kai santri sun atanya malih  
kang janabat kang parlu dinusan  
punika pira kathahe

santri Monthel sumaur  
Bok Rubiyah manira manggih  
ing kang parlu dinusan  
ing masalah iku  
analah tigang prakara  
Nyi Rubiyah mangke sira ambrih singgih  
lah rekeh ucapena.

56. Kang karihin ika karujul mani  
yèn mijil ika tanpa karana  
ping kalih iktilap rekeh  
lamon angimpi iku  
anekakken supenaneki  
ing kang parlu dinusan  
kaping tiganipun  
campur ing asmaragama  
lamon lintang kasapah ika den dusi  
yèn nora tan dinusan.
57. Niyatipun ta kadosa pundi  
ing wong lanang yèn adus janabat  
kang niyat iku jatine  
apan akeh kalurung  
kadi cukcak kang saba rawi  
dening adus janabat  
polahe wong iku  
awaler kadi manira  
santri Monthel mangke sira amrih singgih  
manira amiyarsa.
58. Niyate ika rekeh ngalapi  
hukum tan wenang limang prakara  
ambrih esah sambayange  
sadyane atinisun  
mangkya mijil sakya ing jawi  
ingaran juru basa  
kang niyat puniku

tan saking kalaratullah  
niyat iku tanpa basa swara iki  
iku jatining niyat.

59. Kaya apa karsane puniki  
kang janabat rekeh pinasthi kang  
punika paran tegese  
lawan manira ngrungu  
ing istinjas sinarawadi  
iku kadi punapa  
karsane puniku  
lah ta rekeh ucapena  
anauri Ki Monthel wacana aris  
manira amiyarsa.
60. Amet wulu yen sampun abresih  
wong iku dadi adus janabat  
asadya sambayang mangke  
ana dene puniku  
ing istinjas sinarawadi  
asambayang kiparat  
iku wistanipun  
rumasa lamon wiwirang  
dipun madhep ing wawasuh lahir batin  
iku marga sampurna.
61. Najis punapa arane puniki  
ing wong lanang yen adus janabat  
endi rupane najise  
pan suci mani iku  
ing wanita pan halal kawin  
anging parlu dinusan  
kaya apa iku  
kai santri yen tan wruha  
upamane adol lenga mundur busik  
manira amiyarsa.

62. Mustakarib arane puniki

mani gingsir saking sananeka  
patemoning parji rone  
rasaning lali iku  
adam rekeh pusakaneki  
duk aneng waranggana  
mangan kuldi iku  
asaling langgana jina  
jekaken ngadusi denireng Yang Widi  
dadya parlu ing sira.

63. Yen tan angestokena puniki  
nora antuk jenenging manusa  
kebo sapi sasamine  
sawaneh sun angrungu  
ing wanita nora nglampahi  
tuwis dening wong lanang  
wuruking wong kupur  
iku karyanen paesan  
kang ingaran Fatimah wekaning nabi  
prandene ajanabat.
64. Toya wulu tatani puniki  
najis punapa kang ingalapan  
pundi rupane najise  
pan suci angganipun  
sampun adus lan den lengani  
myang kadi agaganda  
kaya apa iku  
tan kena asambayanga  
santri Monthel mangke adan amulang ling  
manira amiyarsa.
65. Lutmat najise kang den isuhi  
iya iku asaling langgana  
sumyuk tekeng raraine  
tunggall pusakanipun  
ing istinja lawan toyeki  
wulu kadi janabat

wruh wang ngelmu iku  
aran duriyat lilima  
jujuluke sosoca kang den sunduki  
manira amiyarsa.

66. Bi Candhini angalem ing ngati  
santri Monthel wis wasis ing sipta  
katareng semu basane  
sapa nyanaa iku  
sesemone ika akumbi  
dadya aneteh raga  
ing jro nalanipun  
rumasa kibiring manah  
abibisik Nyi Silabrangta den tari  
Candhini kalingdrisah.

## V. DHANDHANGGULA

1. Nyi Silabrangta atanya aris  
Mangunarsa ika tinakenan  
kai syekh manira taken  
ingkang iman puniku  
kaya apa den ucap dhingin  
gumanti tokid ika  
maripat ing pungkur  
kang iselam tan den ucap  
kidul kilen marapat den ucap dhingin  
gumantya tokid ika.
2. Iman islame kari ing wuri  
iku paran karsa pakanira  
wong roro ika karsane  
Mangunarsa amuwus  
Agungrimang makya tinari  
jawaben patakennya  
den aris amuwus  
dipun sami mutabanga  
anauri Ki Agungrimang ariri  
wususe Silabrangta.
3. Kidul kilen anenggeh puniki  
maripat dhingin ika den ucap  
gumanti ika tokide  
ayun wikana iku  
tunggal iya nora kakalih  
sampun nyata ing tunggal  
tokid ndaranipun  
den teguhaken ing manah  
ingaranan iman arane puniki  
manira amiyarsa.
4. Inggang islam winuwus ing wuri  
sampun sira rekeh nandhang iman  
tan langgana ing pakene

asalat lan asaum  
ing sawulan lan munggah kaji  
ajakat sakawenangnya  
anglampahi iku  
puniku tingkahing selam  
Silabrangta wuwusira ambrih singgih  
mangke manira tanya.

5. Kaul wetan tan kados pundi  
kang iman dhingin ika den ucap  
gumanti ika tokide  
maripat kang ing pungkur  
Agungrimang mangkya nauri  
manira amiyarsa  
kaul wetan iku  
undhak undhaking lumampah  
alul iman punika den ucap dhingin  
iku purwaning lampah.
6. Iku marmane den ucap dhingin  
mapan lampahing wong ahlul iman  
sarengat ika lampah  
lampah sarengat iku  
iya rukuning selam iki  
marmane tan den ucap  
kang iselam iku  
wus lungguh ing alul iman  
iya iku karsane wong ati salim  
sabab etang ganjaran.
7. Inggang pundi pakewuhe iki  
lampahing sarengat wus karaksa  
sakathahe pakewuhe  
Agungrimang amuwus  
pakewuhe nenggih puniki  
yen amrih ingormatan  
ngagungaken ngelmu  
lampah arsa koncara

kibir riyah iku kang den gawe asil  
iku wisaning lampah.

8. Nenggeh rekeh tingkahing wong lewih  
\*) kurang sebaris dari naskahnya  
tansah anoraken sarirane  
hinaning raga ketung  
lamon saking tirta satitis  
dennya noraken raga  
ing pralambinipun  
wimbaning windu pranila  
tinimbang lan ing wari katon jro bumi  
akeh tatahing ngiyat.
9. Kaya apa karsane puniki  
lintang ingaran windu pranila  
sodama paran karsane  
Agungrimang amuwus  
nenggeh lintang kalingan rawi  
ingaranan sodama  
dening nora surup  
ingaranan windukara  
lintang iku nalikaning sitarasm  
ika manira rengya.
10. Bi Candhini angalem ing ngati  
Agungrimang wuwusing aksara  
katareng semu basane  
lintang panujunipun  
sesemone andudut ati  
anom tur wicaksana  
rupane abagus  
kang alaki tan asiya  
walakaa kaya sun tohana pati  
emut maca tigapar.
11. Undhake malih kadosa pundi  
manira tanya ing pakanira



kang prapta ing den lampaha  
Agungrimang amuwus  
Mangunarsa ika tinari  
kakang sami atampa  
ing wuwus puniku  
amuwus syekh Mangunarsa  
Silabrangta patakene den sauri  
manira amiyarsa.

12. Nenggeh rekeh ing wong alul tokid  
wus karem rekeh ing sipatullah  
brastha luluh paningale  
ingaran sirik iku  
tingaling wong kang alul tokid  
dening alul makripat  
tanpa tingal kawruh  
amangeran lagi nora  
iya iku ati wahab lungguhneki  
iku wong karem ing dat.
13. Wong titiga kinasihan iki  
nabi wali lawan mukmin ika  
sanes ing palayarane  
nora bedang panemu  
karem ing dat rekehning nabi  
wali karem ing sipat  
wong mukmin puniku  
karem ing apngalullah  
sirna titis tingale kaliput ing sih  
kang pundi durung ana.
14. Kaya paran karsane puniki  
ing wong arip nora amangeran  
manawi suwung tampane  
apan akeh kalurung  
pangerane den senggeh dasi  
waneh ngaku pangeran  
kalih kupur agung

gumuyu Ki Mangunarsa  
sabda guru sinamur samur kang wajib  
lah maring tatakrama.

15. Nyi Silabrangta winardi wangsit  
Bok Rubiyah manira miyarsa  
ana angucap mengkene  
turuning wong kang luhung  
nora sami lan pangabakti  
ing wong bodho punika  
kaya apa iku  
gumuyu Nyi Silabrangta  
anauri wuwusira amrih singgih  
manira amiyarsa.
16. Nyi Silabrangta amuwus aris  
manira ing kina amiyarsa  
ana angucap mengkene  
ing jroning turu iku  
ana rekeh ingkang atangi  
ing jroning manah ika  
ana kang lumaku  
ana bisu bisa ngucap  
Mangunarsa wuwusira amrih singgih  
mesem Nyi Silabrangta.
17. Nenggeh rekeh turuning wong arip  
meraj rekeh ing turune ika  
munajat iku tangine  
punapa karsanipun  
Mangunarsa mangke aturi  
iku Nyi mBok Rubiyah  
ing wong luhur iku  
datan kena tiniruwa  
lir ranangga toyaning kamumu singgih  
ingkang menggah manira.
18. Parandene den arani sirik

dening maksih jenenging paningal  
paningal minangka dohe  
jatining tingal iku  
ingaranan ijab nurani  
iku tetebeng cahya  
arane puniku  
terusena aja liwat  
liwatena aja terus ecaneki  
iku lampah kang eca.

19. Mangunarsa sira muwus aris  
Silabrangta ika tinakenan  
sapa bayah wong sanake  
bayah sampun aguru  
sesemone tunggal pamanggih  
mesem Nyi Silabrangta  
pirang bara tengsun  
oliya nugrahaning Yang  
kang sun tedha sing ditulung ing Yang Widi  
anglampahi utama.
20. Ing kina manira taki-taki  
apaparab syekh kang Amongraga  
ki wasis mara duk rare  
kolintang marmanipun  
anunui sanak istri  
tekeng Nayanaganda  
anglebeti hukum  
ingaran angrusak sara  
lampahipun datan patut lawan dalil  
linabuh ing Tunjungbang.
21. Titiga rekeh sanake iki  
lanang kakalih wadon satunggal  
Nyi Rasakapti **wastane**  
miwah sanake jalu  
Jayengastra **wastanireki**  
maksih rare tinilar

duk lunga anglangut  
duk rusake Sokaraja  
angulari sanake nora kapanggih  
tekeng Nayanaganda.

22. Mangunarsa ika njrit anangis  
winartan lamon sanake pejah  
tan bisa megeng tresnane  
Mangunarsa amuwus  
nggih puniku kang sunulati  
punika sanakingwang  
marmane anglangut  
anangis Nyi Silabrangta  
pakanira tegane kang den ulari  
latri asambung siyang.
23. Anggungrimang arinisun yayi  
wartanana yayi garwanira  
yen sampun pejah sanake  
Anggungrimang tumedhun  
waspa mijil tur den usapi  
nulya sapraptanira  
arine den rangkul  
mas mirah pupundhen ingwang  
sanakira Jayengastra uwis mati  
linabuh ing Tunjungbang.
24. Anglalana sira denulati  
ing kang paparab syekh Amongrago  
sira denulati mangke  
sing nagara den dunung  
angulati nora pinanggih  
tekeng Nayanaganda  
anglebeti ukum  
ingaran angrusak sara  
lampahipun tan patut kalawan dalil  
linabuh ing Tunjungbang.

25. Sapamyarsane Nyi Rasakapti  
winartan lamon sanake pejah  
datan ana pangucape  
peteng tingal sumaput  
lir wong katangkeban deng langit  
tan kakat mawacana  
pan penuh dening luh  
lali sihe Anggungrimang  
rancanarsah anggegeli dhateng swami  
kantu anuli pejah.
26. Anggungrimang sira njrit anangis  
tumingal mangke ing garwanira  
aglis den kusya garwane  
Bi Suntagi angungun  
mangu anggana aningali  
sanake sampun pejah  
niba saking salu  
dennya anangis alara  
Anggungrimang rabine tansah den lingling  
sarwi nangis alara.
27. Tatanggane gita sami prapti  
amiyarsa swaraning karuna  
sami mijil ageh-ageh  
Nyi Lelewa pupungun  
gupuh medal sarwi tatapi  
aglis nulya atakyan  
tangis apa iku  
kang tinanya nulya pajar  
Nyi Lelewa gustinipun pejah mangkin  
matine keneng apa.
28. Winartan yen sanake mati  
datan kangkat ing amegeng tresna  
lunta dadya ing patine  
sakathahing angrungu  
padha sira lara anangis

ketang ing becikira  
sawaneh malenguk  
ana ingkang tebah jaja  
ingkang sawaneh padha lara anangis  
kelingan becikira.

29. Yanten tatangga kaletan kali  
dhudhudha kali rangdha sanunggal  
Ki Saloba ika rane  
gupuh sira tutulung  
nulya medal anyangking kudhi  
kalawan Ki Salodha  
medal nggawa alu  
**sinenggeh ana durgama**  
rangdha Loman medal atapi kulambi  
angindhith padadahan.
30. Denya lumaku anglalancangi  
angrihini ki dudha Saloba  
den urehken rambute  
kopeke gundhal gandhul  
bobokonge angumak amik  
gupuh sira atanya  
sing tumon gumuyu  
polahe nyi rangdha Loman  
Ki Saloba tumingal atutup lathi  
tumon nyi rangdha Loman.
31. Tumulya glis denny angungkabi  
karsanira amipis tatamba  
gagap gugup tan parereh  
lelejing **gandhipun**  
pipisane lumpang den balik  
tangan katutu muncrat  
wutah lenganipun  
tumurun angidek wangwi

katibubul den gecek sinidhep sunthi  
elo den senggah bawang.

32. Ana santri atutunggu gagi  
amimitra lan Nyi Selebingkak  
ing ranggon denny asare  
sawengi apulanyun  
denny turu tulya kapati  
kagyat ana karuna  
pratangi pupungun  
salilire gulandrahan  
santri Rena tumurun tiba kajumprit  
den saut ing camera.
33. Gepeh sira denny anulungi  
santri Rena kalebeng beleman  
tumingal enting welase  
santri Rena den rangkul  
saya nangis alon ariri  
pan ajrih kawruhan  
wudele den jelu  
eh sira tan pana ulat  
salilire ki santri amuwus aris  
kadya dhangdhang sarkara.

## VI. DHANDHANGGULA

1. Syekh Mangunarsa maksih alinggih  
nora wikan yen sanake pejah  
winartan dening rarene  
mangke lalawad gupuh  
sarawuhe mangke alinggih  
lawan Nyi Silabrangta  
ika kang andulu  
semune ana duduga  
kang saweneh semune lila aradin  
wikan jatining lampah.
2. Angres atine Nyi Silabrangti  
tumingal maring Nyi Rancawarya  
wong anom ayu rupane  
kasunon dilah murub  
wadana kadya wong aguling  
kengis waja kang kiwa  
kincang alisipun  
kadya wong mesem tumingal  
Anggungrimang rabine tansah den lingling  
sarwi nangis alara.
3. Mangunarsa meneng datan angling  
tumingal maring sanake pejah  
den penggah mangke tresnane  
arupek kethipipun  
tingaling lyan kang den sangketi  
anangcang ulat ilat  
ing paraning dulu  
anging kang purba kewala  
Mangunarsa menggeh sira nuli mati  
rame wong akaruna.
4. Gumereh swaraning wong anangisi  
dereman ika gugulungan  
den pala palu awake



angres sasambatipun  
Sulatri niba sing panti  
tapihipun kasisal  
rinebut ginulung  
dening-sami rencangira  
santri Monthel anangis sasambat mati  
nora mijil karuna.

5. Mangkana malih Nyi Silabrangti  
anahen ing tresna tanpa ngucap  
dadya nangis ing kalbune  
jangjining Yang kadulu  
sarirane den karya dalil  
wikan jatining tingal  
Silabrangta iku  
ananging purba kewala  
Silabrangta tresnane sumeng ing ati  
dadya mijil karuna.
6. Anangis sira Nyi Silabrangti  
Mangunarsa ika tinangisan  
tan kangkat megeng tresnane  
sasambatnya mlas yayun  
Mangunarsa rinisun yayi  
sadina ta rong dina  
lan isun ketemu  
bayah suda manahingwang  
Mangunarsa kabubuwun bisa mati  
kewala gawe tresna.
7. Meneng anangis Nyi Silabrangti  
anahen ing tresna tanpa ngucap  
dadya nangis ing kalbune  
asruh panangisipun  
Silabrangta bisa anangis  
tangisipun alara  
den wor lawan guyuh

guyune rena satitah  
panangise amrih gingsiraning liring  
malar kasat matanya.

8. Leyeping tingal kandhehan liring  
dadya tingaling dasi susirna  
luluh tekeng raragane  
dadya temahan lengu  
titing undhake datan kesth  
jiwa ragane sirna  
dening Yang Agung  
iku kang antuk nugraha  
Silabrangti mengkah sira nuli mati  
Bi Candhini anjola.
9. Bi Candhini aniba sing panti  
dennya anangis agugulungan  
den pala palu awake  
angres sasambatipun  
awunguwa ta sira nini  
lah andi ujarira  
asih maring isun  
anusup angayam alas  
sun tut buri sun senggah tulusa asih  
mangko sira atilar.
10. Ki santri Monthel amituturi  
sampun ginugu kang sampun pejah  
mangsa dadia gesange  
titahing Yang dinulu  
jangjining Yang tan kena gingsir  
pan wis kocap ing iman  
ngandela ing untung  
balikan ngandela ingwang  
angulati rewanging sabaya pati  
amendhem ing astana.
11. Sampun raina tatas tumuli

sami rawuh sakeng wong lalawad  
sakathahing wong sanake  
lanang wadon wus rawuh  
Anggungrimang kantu kopati  
Monthel karya kaluwat  
lawan apitatur  
kalawan Ki Martaduta  
Ki Salobah Salokah Ki Parnakarti  
sinareng panangisan.

## VII. DHANDHANGGULA

1. Syekh Amongraga kawuwus malih  
dawaning kawiswara sang mindha  
wikan yen pejah sanake  
mapan tan tulus kokum  
ameng-ameng aneng jaladri  
pan sinung nugraha  
linabuh tumimbul  
wenang angambah bramaga  
tan adangu Amongraga ika prapti  
dhekah ing Wanantaka.
2. Kapanggih mayit lagi den dusi  
sarawuhira Syekh Amongraga  
sami gita kang wong kabeh  
mangke sarawhipun  
Amongraga ika ngabakti  
sarakangat asalam  
ping tiga awungu  
iku tan jatining pejah  
sami kantu cinandhaken ing panti  
kewala gawe tresna.
3. Anglilir mangke Nyi Silabrangti  
Amongraga ika tiningalan  
gepeh den pekul sukune  
adan aucul gelung  
padanira ngusapan dening  
tresnanira kalintang  
Amongraga iku  
wikaning paraning tresna  
paningale tan jandheg ing jro arjism  
dadya sang dyah murcita.
4. Mangunarsa lan Nyi Rancangkapti  
nora wikan lamon sanakira  
pangling pan maksih duk rare

Silabrangta amuwus  
Mangunarsa Nyi Rancangkapti  
puniki sanakira  
kakange den rangkul  
pareng anungkemi pada  
paningale lir panggagaping angimpi  
mangke sapolahira.

5. Anggungrimang kantu wus anglilir  
satingalira wus sami gesang  
lir kapita yan polahe  
eloking kang kaetung  
Bi Candhini bungah tan sipi  
gustinira agesang  
Amongraga rawuh  
mangke sakehing tumingal  
lanang wadon sami suka aningali  
mangke ing polahira.
6. Syekh Amongraga pan sampun bresih  
tan kena ing suka dukaning rat  
pan wus sirna raragane  
ing jaba jro wus junun  
Amongraga sira ngecani  
amor ing tatakrama  
Amongraga iku  
baya semuning kawasa  
waliyullah den iket dadya palupi  
kewala bil semunya.
7. Marmaning mitra angiket kawi  
pan saking wignyanira sang mindha  
ika tan wruh kajatine  
pan tan adarbe ngilmu  
kang tinutur wartaning dalil  
kalawan anitika  
marmane cinatur

malar antuka tunasan  
kang sun tedha sih pitulunging Yang Widi  
kang kalampah ing duta.

8. Rengen sakala Nyi Silabranngti  
sarawuhira Syekh Amongraga  
baya wuwuh birahine  
tulus amangun kayun  
darmanipun mangkya ginurit  
kang karing Wanamerta  
tansah brangta wuyung  
mangke sapatilarira  
layangira winaca menuhi ati  
tan nana kang sinadya.
9. Ika marmane sami prihatin  
Nyi Malarsih lawan Ki Panorta  
ika dahad prihatine  
anikipun ingutus  
angulati nora pinanggih  
aran Ki Jayasmara  
rupane abagus  
anakira kang taruna  
bagus anom awasta Ki Jayengragi  
anging rada pathelang.

## VIII. DHANDHANGGULA

1. Warnanen mangke Nyi Mbok Malarsih  
sapanglilirira mangke nyidra  
angungun dening impene  
supenane den guguh  
Tambangraras anakku nini  
wus lipur ta manira  
dening brangta wuyung  
mangke katon ing supena  
Tambangraras awet andadawa brangti  
la edan darmanira.
2. Sampun raina tatas tumuli  
sami rawuh kabeh anak dhara  
miwah jajabane kabeh  
Ki Panorta amuwus  
wartanana denira nini  
marmanira karuna  
wartanana isun  
amuwus Nyi Mbok Malarsih  
dipun tutur impene sarwi anangis  
wuwuse pegat pegat.
3. Anak pakanira uni kempi  
kadya rawuh saking palulungan  
wong roro lawan lakine  
teka amekul suku  
ing sakapat pareng alinggih  
kadi kinare anyar  
wastranipun gadhung  
asumping jabung payudan  
dipun sawung tri kalih sineker taji  
apatrah layang seta.
4. Sapanglilir isun tan aguling  
dalu lepas lekasing yang wimba  
sitangsu lagya sumare

angungun polah isun  
Tambangraras katon ing ati  
lir milya sumandhinga  
ing panyananisun  
anglenggak atampel asta  
Tambangraras awet andadawa brangti  
lah edan darmanira.

5. Nyi Malarsih lara dennya brangti  
Ki Panorta tansah apapalang  
tumon brangtane rabine  
sampun winuwus iku  
jangjining Yang tan kena gingsir  
dalile yen wisesa  
moal sira iku  
yen ayunna mengkenea  
awakira waswasen karyanen dalil  
tandhaning kawisesa.
6. Ki Panorta ika mituruti  
ing rabinira kadi sarkara  
rabine den prih lipure  
sampun paos winuwus  
dipun rena titahing Widi  
yata sun kapakena  
atingkah ing tuduh  
akengkenan maring sabrang  
titiyange wus den utus angulati  
milet ing bot layaran.
7. Anakira ika lagi prapti  
Nusa Jawa sampun dipun jajah  
tan pinanggih ing wartane  
sun kapakena iku  
jangjining Yang tan kena gingsir  
dalile yen wisesa  
mokal sira iku



yen ayun mengkenea  
awakira waswasen karyanen dalil  
tandhaning kawisesa.

8. Ingaranan aral nenggeh iki  
tinekakaken ing sira  
owah-owah tinemune  
sugih nistha puniku  
uripira asambung pati  
suka asambung duka  
moal sira ayun  
yen ayun mangkonoa  
wisesane madelul arane iki  
iku sira den awas.
9. Nyi Malarsiḡ luwe den usapi  
amiyarsa wuwuse kang raka  
amicareng jro driyane  
tresnane den salimur  
dipun samur katon ing ati  
angga muksa bayangan  
aturu amujung  
kadya ngemasi ngantaka  
Ki Panorta rabine den pituturi  
wuwuh lir wong sakarat.
10. Nyi Sumbaling kadya amanyanyi  
amancangah denira popoyan  
anggabris atatur impen  
kawula duk ing Saptu  
salah arsa dening bab impi  
yen kangen angen uga  
den suka gumuyu  
kang Candhini katon teka  
kaya edan mundur bunglon den susoni  
kawula latah-latah.
11. Ki Panorta ika muwus aris

Nyi Sumbaling babu wartakena  
impenira wahanane  
paran kayune iku  
Nyi Sumbaling mangke nauri  
kawula boya bisa  
Ki Panorta muwus  
si Candhini tuhu wajca  
lir kelasa patra tuhune ing gusti  
mesem wadon Turida.

12. Ki Panorta ika muwus aris  
nyai mantu babu lakinira  
lah ta undangan marene  
apa durung ngarungu  
yen darmane iki akingkin  
lah ta wawarahana  
iku karepisun  
tambesur mamarahana  
wus tumurun kang ingaturan tumuli  
mantuk Ni Ken Turida.
13. Ki Jayasmara yanten alinggih  
sarwi amaca Kudasrenggara  
rabine tansah ingaweh  
anging dipun salimur  
Ken Turida amitambuhi  
kakang ndika ingundang  
mreneya rumuhun  
tumurun Ki Jayasmara  
sigra adan akampuh Ki Jayengrasmi  
arsa marek keng rama.
14. Anambut wastra jingga sumampir  
adhastar mangke sambu lumampah  
arsaa atingal ageh  
sarawuhe alungguh  
tandhani wong kirang aguling

netra ika winuryan  
lir wong mendem majum  
lir anon wayang irengan  
Ken Turida mesem lakine den lirik  
kagagas duk ing tilam.

15. Sarawuhira mangka tinari  
Jayasmara sira bayah bisa  
sun kon angerteni impen  
ramanira ing dalu  
kakangira katingal prapti  
kadi kinare anyar  
wastranipun gadhung  
asumping jabung payudan  
dipun sawung tri kalih sinekar taji  
apa ta lah wangsitnya.
16. Ki Jayasmara amuwus aris  
punika rama yen sambada  
manawi rekeh mangkene  
jalamanah kang ndudut  
tegesing prang ingkang **musuhi**  
manawi mangun tapa  
ijo gadhung iku  
semuning wonten agesang  
Nyi Malarsih anakipun den sungkemi  
lah iya ulatana.
17. Arinira baktanen ta kaki  
Jayengraga ika rewangira  
anjuluk suka den akeh  
Jayasmara amuwus  
yadyan rekeh teka ing pati  
tan wande ing lumampah  
iku karsanisun  
si adhi lamon tumuta  
tanpa tuk don si adhi **angrerebedi**  
angurbaya dheweka.

18. Kapok manira linggar karihin  
lurah Kadhiri manira rarah  
saenggen enggen rerebe  
kiduling alas agung  
ing Kalangbret Wajak Waturip  
pan tan pandhomasan  
paromasan sampun  
tembus dhateng Lebuastra  
ing Tanggalek si adhi apan marani  
mbok wulanjar pangreka.
19. Kabaran manira ayun mati  
sampun kinepung kinandha kandha  
pan ayun tinalen rekeh  
rasane atinisun  
rera rekeh rasaning pati  
lan isun kabandaa  
Ki Bumi angrungu  
ati kadi rinentaga  
Nyi Malarsih anakipun den sungkemi  
anging baktanen uga.
20. Katuju yanten wong sanak asih  
punika milya atalang jiwa  
ing gunung Sambrang wastane  
kalintang marmanipun  
pan manira dipun kekehi  
linggar apalarasan  
ing kalaning dalu  
ing wilangan ayun pejah  
Nyi Wirana anggubel maring si adhi  
sanggen kabaya baya.
21. Nyi Malarsih wuwuse amanis  
anging ta bapa baktanen uga  
jaga rewangira mangke  
wawarahana iku

santri Luncing lungaa kaki  
undangan anakingwang  
mintar kang ingutus  
kiyai ndika ingundang  
sigra adan akampuh ka Jayengragi  
arsa marek keng rama.

22. Akampuh jingga alus rinukmi  
akris alandheyen cula darwa  
tajung alus ukirane  
asumping anggrek tangsuh  
arja kurung salbad sultani  
bonyo dening kalembak  
rupane abagus  
kadi anopeng bangsa  
Nyi Ken Raras lakine mesem den lirik  
abagus lakiningwang.
23. Sarawuhira mangke tinari  
Jayasmara mangka sira ngucap  
adhi manira kinengken  
manira kinen wangsul  
Jayengraga amuwus aris  
tan linyok ujaringwang  
sampun ageh wangsul  
ing karya dereng kantenan  
daliyane si kakang kangen ing rabi  
mesem ki Jayasmara.
24. Ki Jayasmara amuwus aris  
ngulata ika ing pakanira  
akathah panglipure  
ana panglipur wuyung  
sarwi mesem denira angling  
wikan Ki Jayengraga  
yen dinuking semu  
amuwus Ki Jayengraga

dipun jawil kakange den bibisiki  
kakang aja popoyan.

25. Ki Panorta mesem aningali  
ing anakira ujungan sipta  
sami gumuyu wong akeh  
Nyi Malarsih kapencut  
melu mesem Nyi Mbok Mlarsih  
tumon ing anakira  
pasambutan semu  
nggraita Ki Jayengraga  
apopoyan ragane kang Jayengrasmi  
karaning ngguyu suka.
26. Meh sumurup Hang pratanggawengi  
Jayengraga mit ing darmanira  
sami mantuk ing wesmane  
ing sasampuning rawuh  
Mbok Turida dahat prihatin  
dening ayun tinar  
anangis amujung  
amolar angrusak payas  
kasur raga bantal susun den bucali  
aglar ana ing natar.
27. Rabine mangke den ari ari  
arinisun san lir kumuda  
idhepen jarisun mangke  
anging panedhanisun  
sinjangira sun bakta yayi  
kanggo panglipur lara  
wite atinisun  
kemengan ajrih langgana  
ora lawas si kakang tumuli bali  
isun kangen ing sira.
28. Anjum srinata angari ari  
pangrungrume asor madukilang

rabine den prih lipure  
kang sinewaka rengu  
rengunira tan tekeng ati  
mundur anyegah asta  
ewane tan tulus  
eseme aneng jro nala  
dipun emban rabine den ejak guling  
bungah Nyi Mbok Turida.

29. Ucapen mangke Ki Jayengragi  
daluh limpas tan kena anendra  
den ingan ingan rabine  
rabine manjing metu  
Jayengraga amitambuhi  
bisa mamananas driya  
Jayengraga iku  
rabine den ingan ingan  
Nyi Ken Raras gumuyu asemu tangis  
tangis tan kena medal.
30. Nyi Mbok Raras apopoyan aris  
si kakang wau apa sendhalan  
dadya anangis sasore  
sasuwene amuwus  
ing lakine angari ari  
rabine den rerepah  
katuwon ing tuwuh  
apakena wus dungduman  
samangsa mangsa laki tan pantuk singgih  
angurbaya rangdhaa.
31. Ki Jayengraga anguningani  
yen rabinira yun sinawitan  
den samur lawan andongeng  
Kakarsa dongengipun  
dennya ndongeng den babanggeni  
mawak mewek punika

macaca mucucu  
aewa sang dyah tumingal  
gregah lungsur tumurun sarwi anangis  
mesem Ki Jayengraga.

32. Ki Jayengraga bisa met ati  
angidung mangke asmaragama  
Kadhiri ika tembange  
swaranya nyenyep arum  
Cariksutra ingkang angawi  
kadya ngalapi jiwa  
angres yan rinungu  
tumurun anambat wastra  
dipun emban rabine den ajak guling  
bungah Nyi Rarasdriya.



## IX. DHANDHANGGULA

1. Dan warnanen denira kang rasmi  
Ki Jayasmara lan arinira  
enjang kawarnaa mangke  
sampun amit yayebu  
adam mintar Ki Jayengrasmi  
angangge wastra ina  
anandhang salimut  
tan ambakta panakawan  
alilingse samya mbakta kalam mangsi  
linggar angala desa.
2. Mbok Turida tresnane tan sipi  
Jayasmara tan sinungan linggar  
sarwi asare pangkone  
bisanira angapus  
Jayasmara wuwusnya manis  
sor endhas madukilang  
nyenyep ing pangrungrum  
sabdanya rum manohara  
Nyi Turida sarya metek metek ati  
api angangluh manah.
3. Enjing mintar saking wesmaneki  
kang kari kadya kantikeng tilam  
warnanen mangke lampahe  
akeh wong kapidulur  
wong kapag samitraneke  
wong lunga apapasar  
waneh lunga mangu  
rangdha wulanjar wuwuja  
apapanthan sadalan angumbar liring  
den wor lan tatandhakan.
4. Sampun apayas sarta lalathi  
asumping mangke agelung arja  
lubeng kaot kekembene

waneh akampuh wungu  
uleng ulengipun malathi  
asekar gugubahan  
awedhak apupur  
ulate anawang nawang  
pantes mangke parawan amamadeni  
asumping rudamala.

5. Sarya gumuyu ambelik belik  
sabdanya wor anjawat ika  
mangkana ika ujure  
tan linyok iyarisun  
lamon lunga ambabarengi  
meneh lungaa uga  
yen tekaa mau  
saweneh lingnya angucap  
arinira ika kakang anututi  
bayah lunga ndraweca.
6. Nyi wulanjar ika anauri  
nyl mbok rara dennya anjawat  
manda andowa rabine  
pon dudu wong lyan iku  
kadang dhewek anyenyelani  
sarwi ngucek srinata  
den wor lawan guyu  
angucap rara taruna  
pamanira iku anak anututi  
bayah atatamuan.
7. Nini nini ika milu lanji  
kakinira ika lunga cala  
mau bengi wiwitane  
angajak apulang yun  
anging isun nora ngladeni  
sasore angrerepa  
sayan ewa tengsun

wong lanang kurang srenggara  
didimone lungaa isun alaki  
kang bisa ngelmu dunya.

8. Ki Jayan'graga anolih noli  
nini nini milu anjajawat  
bayah lali ing tuwane  
lakune mincar mincur  
lambenira kari gugusi  
rambut uwan balaka  
matane wis lamur  
anolih Ki Jayasmara  
sabdanya rum arine den pituturi  
lah yayi **Jayengraga**.
9. Sampun wuruk sudi karya rayi  
dipun wikan paraning paningal  
den kalingling 'Kang Agawe  
den wruh paraning dulu  
ing paningal nora ngulati  
kabeh dadi paesan  
enggening andulu  
pangawasaning Pangeran  
amisesa akarya sakarsaneki  
nyata dadining jagat.
10. Ingaranan dalil akal yayi  
dadining jagat kawilang wilang  
iku tandha pracinane  
kabisaning Yang iku  
ingaranan madelul yayi  
kang andarbeni tandha  
yen wruh jatinipun  
jagat aran dalil akal  
jagat iki winicara dening budi  
yen ana amisesa.
11. Anadene dalil akal yayi

sabdaning Yang yayi kang kasurat  
ing daluwang mangsi mangke  
dalil akal puniku  
ingaranan dalil hakiki  
ing sabenering tandha  
kupur yayi iku  
yen ana amaidoa  
madelule tan awor daluwang mangsi  
nora abasa swara.

12. Kang abasa swara iku yayi  
tata lapal iku lan maana  
dalil punika arane  
nggenira nyata iku  
sabdaning Yang ingkang sajati  
kang nora basa swara  
anging yayi den wruh  
sasmitane dipun wikan  
**Jayengraga** tumungkul agugon wedi  
kakang manira nedha.
13. Ki **Jayengraga** amuwus aris  
ing kina kakang sun awong sanak  
wastane Ki Seh Parajen  
ika kakang amuwus  
dalil iku ingkang sajati  
mung Allah kang wisesa  
kang adil puniku  
Nabi Rasul kang mustapa  
yen mangkana keliru den dalih ringgit  
kandheg ing basa swara.
14. Sampun gati anarima yayi  
lamon ana yayi wong angucap  
yen tan kapanggih dalile  
takelid wistanipun  
ing angucap nora lan dalil  
dadi angangka angka

dadi angangka angka  
luhung si yen luhung  
yen patut lan dalil akal  
yen tan patut wangsit takelide yayi  
manira amiyarsa.

15. Mapan takelid iku kakalih  
takelid sahii wastane ika  
iku den wruh prabedane  
takelid sahii iku  
ing angucap nora lan dalil  
dadya angangka angka  
anging yayi patut  
lan karsaning dalil akal  
yen tan patut aja sira nawalani  
pilihén ing wardaya.
16. Balik prihen yayi atataki  
tatakrama dhingin gugonana  
iku minangka dhasare  
nastitiya ing laku  
cegah pakon dipun kalingling  
punika tatakrama  
ning sami tumuwuh  
alinggih ingaran wenang  
batal karam winicara den abecik  
lugu ing alul iman.
17. Ika pangrungunisun ing nguni  
kang anutur sabdaning utusan  
sarengat iku lampahé  
aja apaksa junun  
ing lumampah yen durung lali  
munapek menéh sira  
anging yayi iku  
ing kang sayaktining lampah  
mapan luput ing wong anunggal pangliring  
atinggal tatakrama.

18. Tatakrama yen tan wruh ing wadi  
maksih katungkul puji pranata  
kalurung adoh dungkape  
yen den tinggal aluput  
pan puniku tapakaneki  
dennya nyirnakken raga  
nenggeh ingkang luhung  
den angrasa tanpa nembah  
sembah ingkang sadya yayi angliputi  
dadya ika ganira.
19. Tatakramaning sami dumadi  
sampun wuruk yayi sudi karya  
ngawruhi bawaning lyane  
den lumaku lan semu  
tindak tanduk den amatitis  
semuning wong dinuga  
tekeng temahipun  
sukma wikan ing sukma  
parimanah datan ana anjajagi  
jroning weh tunjung ajajag.
20. Yen tan mangkana sira yayi  
lula lali ambek yen mangkana  
yakti kalurung temahe  
dadine sasar susur  
pranesane tan den owahi  
agung apajorangan  
tan denira dudu  
dadya ilang kajatmikan  
sasolahe kagodha dening ibelis  
kakang manira nedha.
21. Alon lampahe dennya lumaris  
Ki Jayasmara lan arinira  
lampahe lintang ing arc  
anggosthi atut enu

mung arine den pituturi  
aran Ki Jayengraga  
ika amintuhu  
warnanen kang katingalan  
saananing kalangenan pinggir margi  
teping wana srama.

22. Wus tumiling hyang pratanggawengi  
surem mangke ingkang prabangkara  
ing parang alon panase  
gere munya abarung  
pater mandra suwaranya ring  
lir pangrengi dyah ngongga  
ing apulang lulut  
sasadara karainan  
asmu wenes kadi warnaning mahisi  
sapanglilireng tilam.
23. Wratmaka ewuh jurang batrebis  
ertambang ika tumibeng jurang  
tirta wening gumarenjeng  
petung rumunging banyu  
pisang denta kemper ing angin  
calumpringe atilar  
lir tengah kalulut  
dangining mayang ambabar  
amrik arum gelung lukar duk sarasmi  
ing jroning pakasutan.
24. Walahar agung amegat margi  
tirtanya dres ilinya ulekan  
aliwungan jro kedhunge  
minanya keh aselur  
arsa raryan Ki Jayengrasmi  
ing angsoka kojara  
nggenira alungguh  
kalawan Ki Jayengraga

ing tambining kapine nggenira linggih  
arsa nginguma toya.

25. Adan alinggih ing pataganing  
ing soka jajar lan arinira  
Ki Jayengraga ujure  
kakang pundi dinunung  
ing lampah kita jek punika  
sampun awirandhungan  
kakange amuwus  
ana wong sanak manira  
atatapa ing ardi andon anepi  
aran Ki Malangkarsa.
26. Boya tebah yayi sing ngriki  
ana lalampahan kalih dina  
ing Ardipala dhekehe  
Jayengraga amuwus  
lah ta mintar kang Jayengrasmi  
mintar Ki Jayasmara  
sumengka mangidul  
kongang kang lurah pagagan  
lebak-lebak ing ujung nika kairing  
tandur lagya adangdan.
27. Punika yayi sun don karihin  
ing kina rewanging angumbara  
duk isun angaji rekeh  
kalintang marmanipun  
ing Pacira wesmane dhingin  
mangko nenggeh atapa  
kathah sisyanipun  
manawi rekeh miyarsa  
ing wartane ing kakangira puniki  
lah payu pinaranan.
28. Sumengka geger lampahnya nuli  
anju amanggi panginepan



ing Sinduraja wastane  
bale patamon agung  
pinggir toya sitinya resik  
tinaneman andong bang  
lan manaya jepun  
kayu mas lawan katemba  
bayem suluh sinelan mayana wilis  
ing natar parijatha.

29. Ki Jayasmara angling ing ati  
bayah wibawa punang amanca  
katara titingkahane  
lumaju lampahipun  
arsa raryan Ki Jayengrasmi  
kalawan arinira  
tanseng wurinipun  
araryan Ki Jayasmara  
adan linggih sasaka den lelendhehi  
semuning kalindrisa.

## X. DHANDHANGGULA

1. Kang amanca rangdha nom tur sugi  
Nyi Tilarsa pan jujulukira  
rangdha nom becik budine  
anyar kapaten kakung  
katilaran anak kakalih  
wadon sami diwasa  
warnanipun ayu  
awasta Nyi Ken Sumarsa  
kang taruna wastane Nyi Ken Warsiki  
lir widadai Kendran.
2. Wus asuwe tan ana wong mijil  
Nyi Pucangan ika metung jaba  
katuju medal angure  
lumampah kali pinjung  
tingalan wonten wong prapti  
kaget Nyi Mbok Pucangan  
bangsule gumuyu  
atanya rangdha Tilarsa  
Nyi Pucangan paran kang sira gtyoni  
teka sing jaba suka.
3. Nyi Pucangan nutur polahneki  
kawula wau medal ing jaba  
manggih wong kakalih anem  
bale patemon agung  
wong kakalih rencange linggih  
kawula boya wikan  
medal kalih pinjung  
tumurun rangdha Tilarsah  
dipun intip sing kikisik Jayengrasmi  
atut yen adhayohan.
4. Anambut kampuh jingga sumampir  
karsanira ana padhayohan  
asta kiwa nyangking jambe

amucang bari metu  
Jayasmara ika nuruni  
angadeg amandhapa  
nyi rangdha andulu  
kalintang panujunira  
sesemone jatmika reseping ati  
dudu wong suwe ara.

5. Nyai rangdha wuwuse amanis  
dennya napa den ler budinira  
rumapek anak basane  
ing pundi kang dinunung  
anakisun linggiha ngriki  
aja ana ing jaba  
anginuma banyu  
supaya yen aweninga  
anauri Ki Jayasmara amanis  
bibi manira nedha.
6. Ki Jayasmara amuwus aris  
bibi manira iki atanya  
dhekeh punapa wastane  
anyar bibi kadulu  
nyai rangdha ika nauri  
iki sing Sinduraja  
bapa wstanipun  
dhukuh anyar papradikan  
ramanira dereng lawas dennya mati  
wenten samadya warsa.
7. Den lirik mangke Ki Jayengragi  
iku ta baya sanak punapa  
Ki Jayasmara saure  
sanak manira dulur  
singgih rewang ing kawlas asih  
angres rangdha Tilarsa  
rengah wuwusipun

satekanira sing griya  
dipun uwuh rarene asaji wari  
lan anggelar kalasa.

8. Nyai rangdha ika ngacarani  
anakisun bapa anglinggiha  
sapuranira den akeh  
nora amanggih sugu  
ramanira nyata wong miskin  
tuhu rangdha kasiyan  
rarene den uwuh  
acaos apupucungan  
wus asaos pawohan den acarani  
lan bagus amucanga.
9. Nyai rangdha arsa anyanggrami  
gugup tanggap arsa olah olah  
nora mung aken rarene  
adang bari anutu  
amususi mipis raragi  
sarwi ngukur kalapa  
tumurun angangsu  
angaruh kekelan jagan  
angedhuk kumbili sarwi amususi  
ambekane renggosan.
10. Ki Jayasmara amuwus aris  
bibi sampun ndika kasusahan  
manira tuwuk nginum teh  
nyai rangdha amuwus  
anakisun den eca linggi  
isun kagawa gawa  
wus padatan isun  
duk ramanira agesang  
tan santosa yen ana dhayohan pasthi  
mesem Ki Jayangraga.
11. Rarene mangke den bibisiki

Nyi Pucangan sira njawadaha  
lan agaweya sarundeng  
sembelehera sawung  
ana suwapisun sawiji  
lawan dhengdheng manjangan  
sun wadhahi sumbul  
lan amatisa kalapa  
sun agawe sekuetanur lan kabuli  
sira adanga ketan.

12. Nyai Rara merenea nini  
ramanira emas adhayoban  
lah akunen sanak mangke  
kakangira wus adus  
lah nehana bobore nini  
sapanen kakangira  
sang Rara mintuhu  
tumungkul asemu merang  
sarta mbakta dadah nyanten nguratsari  
lan lisa jejebadan.
13. Nyai rangdha mangke ngacarani  
anakisun bagus lilisaha  
sapuranira den akeh  
antuking rare gunung  
nora bisa angaben sari  
beda lawan wong praja  
kathah dhedhes santun  
den agung sapuranira  
arinira awidhung tur rare tani  
mesem **Ki Jayengraga.**
14. Sang rara mangke medal ing jawi  
karsanira amendhet ing sekar  
wong roro lawan arine  
akampuh radi alus  
arja sinjang seta sumilir  
wis bonyoh dening wida

arja sengkang wulung  
asumping dalima wantah  
adiraras paese teka marnani  
aran Nyi Ken Sumarsa.

15. Nyi Warsiki sinjang limar wilis  
akampus mangke rangdhi rangrangan  
lubeng kaot kekembene  
asumping anggrek menur  
uleng ulengipun melathi  
asimsim amanisan  
jenengnya monangkung  
canggih rada waning lanang  
metung jaba kalih kakange den iring  
kadi gambar lepiyan.
16. **Ki Jayengraga ika ningali**  
anggalupa datan paja muga  
amucang tanpa jambene  
den balik leletipun  
panginange den sigit dhingin  
mesem Ki Jayasmara  
arine den dulu  
wikan lamon salah darya  
**Jayengraga wikan lamon den kawruhi**  
yen ambek kamadusan.
17. Nyai rangdha apopoyan aris  
iya iku bagus arinira  
**lintang** iku pupujine  
singa nglamar tan payun  
sapa iku bayah den anti  
awet dadi patakyan  
ika karsaningsun  
yen ayuna akramaa  
wong amoyang anyuna pon sun turuti  
mesem **Ki Jayengraga.**

18. Sampun surup hyang pratagawengi  
olah olahan rateng sumajyah  
sampun saos pawohane  
sasaosan wus rawuh  
tingalan ika pan asri  
sakul muguh ing panjang  
lawan ulamipun  
tan iwang pakenakira  
tatamine nyi rangdha den acarani  
lah bagus adhahara.
19. Sang rara mangke angladeni  
tansah ing ngarsa angraksa pandam  
arine asaji jambe  
kasunon dilah murub  
wadananya asawang sasih  
ing mangsaning kartika  
pupure den rempug  
kari pipinggir kewala  
**Jayengraga atigapar ing jro ati**  
angrasa yen kagiwang.
20. Nyi Warsiki ingkang nglulukuni  
akampuh jingga alus cinitra  
satrah patra susumpinge  
saya ngembeh ayu  
Nyi Warsiki ika ningali  
maring Ki Jayasmara  
lir kilat abarung  
kena ing asmara nala  
Jayasmara arine den lirik lirik  
wikan Ki Jayengraga.
21. **Jayengraga celor ulatneki**  
api ora ambek abasaja  
tumungkul saryan delereng  
mangka parengan dulu

keneng wisa kusumaragi  
angga muksa bayangan  
atine wis suwung  
kena ing asmara yoga  
aglis mantuk ing wesma nibeng guguling  
api anganglu sirah.

22. Nyi Sumarsa ika angawruhi  
yen arinira anganglu sirah  
pan ika sami uninge  
aris denira muwus  
laranira puniku yayi  
sapa anambanana  
pan pilih dhudhukun  
utawi yen dhudhukuna  
dipun jiwel arine den jiwel maning  
rame arerejengan.
23. Sampuning adhahar nulya guling  
Ki Jayasmara len arinira  
nyi rangdha alon muwuse  
lah bagus anakisun  
wartanana bagus si bibi  
marmanireng lalana  
wartanana isun  
amuwus Ki Jayasmara  
angulati ing sanak manira bibi  
ical ing panggulingan.
24. Ing kesahe kalaning togari  
darmanipun bibi boya wikan  
linggar kalih titiyange  
sampun kaula susul  
sing nagari nora pinanggih  
gawok rangdha Tilarsah  
rekeh tuturipun  
lah ta bagus asareya



meneh meneh sami atangiya maning  
sami anarebanga.

25. Remen manira angrungu sangir  
ing kina duk ramanira gesang  
remenan anggemyung sore  
laknipun den tutur  
duking kina tamuan santri  
bapa aparebatan  
Jayasmara muwus  
bibu paran kang den rebat  
anauri nyi rangdha wacana manis  
lah bapa benerena
26. Wajib titiga kang den raosi  
wajibing Allah lan Rasulallah  
lan wajibing mukmin mangke  
kalawan mokalipun  
kalawan malih wenangneki  
ramanira angucap  
wajibing Yang iku  
anare langgeng tan owah  
sañ sipate tetep ing date tan gingsir  
iku wajibing Allah.
27. Mokaling Allah rusak lan mati  
papadhah makam lan anak anak  
lan ing nganakaken mangke  
kalawan wenangipun  
Allah ika nenggah puniki  
purba wisesang jagat  
angrusak amalu  
ya karya sakarsanira  
Jayasmara wuwusira amrih singgih  
atut bibu manira.
28. Ki santri bagus anawalani  
nenggih rekeh bagus wajibing Yang

andadekken jagat kabeh  
mokalipun yen wurung  
ing wenange rekeh puniki  
kadadiyaning jagat  
Jayasmara muwus  
salah bibi yen mangkana  
ing wenange den arani wajibneki  
dadya idhepe salah.

29. Ki Jayengraga amuwus aris  
akathah bibi wong kang mangkana  
den ramji pangawikane  
karana akeh luput  
pangucape nora lan dalil  
dadi angangkah angkah  
bibi wancinipun  
ing mindha arang kondura  
jaman mangke akeh wong ngajajal elmi  
mider ambrih sisiyan.
30. Wajibing Rasul kadosa pundi  
anakisun bagus ucapena  
sih marmanira den akeh  
myang kadi mokalipun  
kalawan wenange ta iki  
ing Rasul ucapena  
kyai anakingsun  
lan wajibing mukmin ika  
lan mokale lawan wenange puniki  
si bibi wartanana.
31. Ki Jayasmara amuwus aris  
wajibing Rasul bibi punika  
abener ing pawartane  
linyok mokale iku  
palacidra lan angirangi  
mokal kena ing waswas

utusan puniku  
lan anglampahi durjana  
ing wenange wenang sakit lan mati  
lan aral basyariyah.

32. Anadene parluning wong mukmin  
angestokaken sabdaning tusan  
teka ing lair batine  
parlu jenenge iku  
lampahena dipun nastiti  
aja kumalamar lam  
pahena yaiku  
mokal yen purba wisesa  
ing wenange wenang asakit lan mati  
bagus manira nedha.
33. Nyai rangdha mojar ajer aris  
ing kina bagus ana rubiyah  
ika angucap mengkene  
yèn ana wong amuwus  
atatakon ing sira bibi  
apa ta sira Islam  
paran jawabipun  
angucap asyala Islam  
nyi rubiyah nyi nora ambrih singgih  
iku ta kaya ngapa.
34. Ki Jayasmara amuwus aris  
atut salah bibi yèn mangkana  
ingarah saking selame  
ujar syaala iku  
sing panggawenira lastari  
kadi wong asamanya  
bibi sami dipun  
ukum Selam tan mangkana  
yakti iku ukume wus den lampahi  
dadya tan wenang syaka.

35. Insyallahe bibi karing wuri  
aranipun bibi boya wikan  
ing polah iki pasthine  
punika salahipun  
nyai rangdha ika nyauri  
lah bapa sun nenedha  
utangisun agung  
lah ta bagus sasareya  
Jayasmara sami sinungan guguling  
mangka lekas anendra.

## XI. DHANDHANGGULA

1. Sireping wong kabeh padha guling  
Jayengraga ika pinaranan  
teka alinggih sandhinge  
aris denira muwus  
Jayangraga wunguwa kaih  
lah ta usadanana  
kaya awakusun  
saksat uriping pejah  
awakusun mangsa gagapa basuki  
yen sira tan asiha.
2. Ki Jayangraga angling ing ngati  
bayah ta mangko ana bancana  
miser mingser asung enggen  
anukmeng daryanipun  
kaya apa ta isun iki  
manda wruha si kakang  
paran polahisun  
sadalana den warah warah  
**Jayengraga den tutuh sariraneki**  
anging sun apakena.
3. Ki Jayengraga lingira manis  
lah ta mantuk yayi maring griya  
tur tanpa raos ing kene  
sang rara mangkya mantuk  
Jayengraga ika angiring  
sarwi kakathen asta  
**Jayengraga iku**  
satekane maring griya  
dipun pangku sang rara den bibisiki  
mangko sun apopoyan.
4. Karam manira boya arabi  
dening manira adrebe lara  
tansah manyalan wong akeh

ketang ing wirangisun  
wis krama tinilar ring istri  
dening adrebe lara  
ika kang kaguguh  
nora jaya ing wanita  
**Jayengraga bisanira pi anangis**  
meneng sang dyah kemengan.

5. Ewah manahe sang dyah gumingsir  
amiyarsa uga yan mangkana  
**Jayengraga ing wuwuse**  
sang dyah mangkya lumungsur  
**Jayengraga ika gameli**  
yayi sun atatanya  
sang dyah mangkana muwus  
wong lanang tan jayeng tilam  
nora endah agawe mamas ati  
angur teka lungaa.
6. Paran marmanira ayun lewih  
paran baya kang kinarya payas  
sumbaga paran den gawe  
ika lamon sun dulu  
sasolahe ngentekken ati  
paekan rara kathah  
ing lelewanipun  
den jiwel **Ki Jayengraga**  
aja juwet agawe mamas ati  
angur teka lungaa.
7. Wingi sore isun aningali  
kadi kasambet ing manon bawa  
inginang runtu kang jambe  
kabalik leletipun  
panginange sun sigit dhingin  
ati muksa bayangan  
elah elah ndulu  
angling kang sinewakara

bisa temen wong lanang andudut ati  
lamon aja mangkana.

8. Sang rara mangke amuwus aris  
manira iki waspisanena  
lamaran saking sukane  
dening benjang wus temu  
lah si biyung bisa nambani  
yen nora duwe beya  
akawin abarus  
sira anuku wang kaya  
**Jayengraga mangka sira angecani**  
lah ing benjang sun lamar.
9. Ki Jayengraga mangke ngecani  
mangko ta isun agugujengan  
anutur mangke polahe  
kang tumekeng laku  
nenggeh mangke sampun lewih  
nora **panggih saangga**  
yen ana den dunung  
den candhak astane kiwa  
**Jayengraga anyipta tunggaling urip**  
dadya sang dyah kantaka.
10. Angres atine Ki Jayengragi  
sang rara kantu ing panggulingan  
tumingal enting welase  
nora panggih salulut  
Jayasmara kang den ajrihi  
sadalan den wawara  
Jayengraga iku  
anambut wastra sampiran  
den kemuli den apit lawan guguling  
kesah Ki Jayengraga.
11. Mangkana malih Ki Jayengrasmi  
Nyi Sumarsa ika pan den cipta

ragem ing jro supenane  
kempi apulang lulut  
jro supena ngentekken ati  
telas rasaning driya  
Nyi Sumarsa iku  
kena ing asmara nala  
karananing anglilir lilir aguling  
raras ing jro supena.

12. Byar raina wus mijil sang rawi  
Ki Jayasmara lan arinira  
arsa lumaris lampaha  
**bibi manira mit lun**  
ta kantuna ta sira bibi  
anedha panembrama  
utang manira gung  
bibi mangsa kawalesa  
anauri nyi rangdha apan amanis  
lah sampun ageh lunta.
13. Anginepa bagus den alami  
arinira kunen sanak  
malar dadiya kanthine  
dados panedhanisun  
lah ing benjang manira mampir  
yen tekeng Ardi Pala  
punika yen kontung  
dene mangsa alamiya  
anauri nyi rangdha wacana manis  
pema pema mampira.
14. Anakisun awunguwa nini  
kakangira iki arep lunta  
dingaren sira mengkene  
baya lara nakisun  
yen alara sun kang nambani  
kalih sami long jiwa  
paran sira ngangluh



angeluh sira mreneya  
sun wunguwa sampuna eca aguling  
dadi puwara lara.

15. Sapamiyarsane Ken Warsiki  
Yen Jayasmara punika kesah  
lan Ki Jayengraga mangke  
gegetun polahipun  
datan bisa angucap malih  
lir wong kabalisora  
sanggen enggen mangu  
biyang kai mareneya  
den aparek si biyang ambibisiki  
mara rangdha Tilarsa.
16. Wicaranen biyang den adhemit  
aja lunga saking umahira  
priyen den jenek ing kene  
kandhega lampahipun  
yen tulusa ana ing riki  
isun acarakena  
suka manahipun  
suka den karya parekan  
nastapaa biyang manira rewangi  
sok aja sida lunga.
17. Yen tulusa kesah Jayengragi  
anakira biyang tan paingan  
tan wurung pejah anglare  
nyai rangdha amuwus  
anakipun Nyi Mbok Warsiki  
pan uwis sun wicara  
kaya ujureku  
anging kudu maksa lunga  
dipun rangkul anake sarwi anangis  
tan dreman nyawasara.
18. Paran sira gawakaken iki

kakangira iki sangonana  
saptangan sungana jambe  
lan dhastar sebe wulung  
kang sinulam kembang rinukmi  
lan sangonana dada  
ika burat santun  
lisa malulu kalembak  
amintuhu sang rara asemu tangis  
lir milya anglalana.

19. Kang sinungan ika muwus aris  
lah ta bibi manira anedha  
punika paran wales teh  
utang manira agung  
nyai rara kantuna yayi  
akramaa wiryaa  
ing panedhanisun  
amuwus Ki Jayengraga  
lah kantuna mas mira tambanging liring  
sampun angangluh lara.
20. Nyi Sumarsa ika muwus aris  
anging ta kalih sun apakena  
ing tingkahisun mengkene  
wite kang kaya isun  
Nyi Warsiki amama ugi  
simsim lan layon kembang  
den alingi suru  
mesem sarwi angujiwat  
Jayengraga mangka sira amalesi  
Nyi Warsiki kemengan.
21. Enjing intare sing wesmaneki  
nyai rara kalih katut ing tingal  
sami songkawa polahe  
sami kokalan lulut  
lir wong kenang pangaweswari  
manah muksa bayangan

arine amuwus  
si kakang semu karuna  
nora wirang wong amoyang den tangisi  
sira uga pon iya.

22. Nyi Tilarsa lelung driyaneki  
sing den gameli muksa sing tangan  
semang dening dhadhayohe  
anakipun den rangkul  
Nyi Sumarsa asemu tangisi  
kalintang marma welas  
maring anakipun  
katuwon ing Jayasmara  
kaniaya tan arsa den karya kanthi  
angur aja mampira.
23. Mawa nyi wadon Ni Ken Warsiki  
salinggarira Ki Jayengraga  
lenglung mangu laling gawe  
tenunane den pangku  
Jayengraga katon ing ati  
lir milya anenuna  
pan sasentreg mangu  
garupyuk aucul tampar  
metung jaba dadalane den tangisi  
epyuh rangdha Tilarsa.
24. Nyi Tilarsa wareg kuntrang-kantring  
milu semang tan kena ing pangan  
tumon polahe anake  
anakipun den rangkul  
nalangsane Ki Jayengrasmi  
ing wau sun gubela  
ika karsanisun  
tan etang suhur ring jana  
angur endi anakku mati abrangti  
lan dadi gulan dawa.

## XII. DHANDHANGGULA

1. Ana sanake lanang sawiji  
ika karsanipun pinaranan  
dhukun Rubaka wastane  
wingi isun angrungu  
arinisun anenggeh sepi  
anake kang apajar  
yen lunga andhukun  
isuke li apopoyan  
Ki Waudan anenggih lara kapati  
manawi sampun teka.
2. Ki Rubaka ika sampun prapti  
tiningalan kakangane teka  
aglis mudhun ageh-ageh  
dennya anyapa gugup  
kakang rangdha punapa kardi  
amamarasi daya  
kakang teka gupuh  
amuwus rangdha Tilarsa  
dipun tutur polahe sarwi anangis  
maring dhukun Rubaka.
3. Ki Rubaka arinisun yayi  
anakira ika Nyi Sumarsa  
tutulakana den ageh  
kalih lan arinipun  
anakira rong dina iki  
kadi wong kenang guna  
ageng lengleng mangu  
wiwitane adhayohan  
wong amoyang wastane Ki Jayengrasmi  
lawan Ki Jayengraga.
4. Ki Rubaka ika muwus aris  
kakang rangdha kayata ing sira  
denira amongmong rare

saking panduganisun  
si Sumarsa uwis apanggih  
lawan tatamunira  
nyi rangdha sumaur  
iku yayi nora wikan  
sun tarkaha manawi nora sayakti  
mesem nyi mbok usada.

5. Nanging ta yayi Ki Jayengrasmi  
kalintang isun yayi pracaya  
yen sun dulu ing lahire  
wikan ta atinipun  
sesemone Ki Jayengrasmi  
semuning wong jatmika  
tindak tandukipun  
amuwus dhukun Rubaka  
katungkul ing kabisan dadya ling-aling  
dening amrih kandela.
6. Ana kakang salokane iki  
kadi kuntul atapa ing rawa  
ana alingan bawane  
akeh pandhita mucung  
kabisane den karya sandi  
dening amrih kandela  
polahe wong iku  
lir elang muluki tawang  
nora mangsa wulang lintang kang den lirik  
pitik aneng pruruhan.
7. Balikan Ki Jayengraga yayi  
rare anom tur radá pathelang  
katareng ulat semune  
ika lamon sun dulu  
anakira Nyi mBok Warsiki  
rewange anjor ulat  
Rubaka gumuyu  
nora linyok ujaringwang

si Warsiki semune angatarani  
solahe waning lanang.

8. Kakange mangke den salokani  
kakang randha manira saloka  
ing wong wadon wani ring lyen  
yantén salokanipun  
yantén rekeh pinet praladi  
sradula mrak kang nidya  
ing pasemonipun  
asisiwo lawan macan  
katungkula temahe den kadhemeki  
mesem nyi mbok usada.
9. Karane kakang ing wong puniki  
den bisa kakang andulu natya  
anduduga manahing lyen  
sampung sumulunduru  
semuning wong kakang linirik  
wong kang manggih wiwirang  
ing wong satya tuhu  
yantén kang pinet saloka  
tirta giri iku kakang amaresi  
awis wong kang mangkana.
10. Yantén anake wadon sawiji  
Nyi Sukeli wastane punika  
wus ana papacangane  
anging anggagap wurung  
tan anuta ing wara iki  
salah tanpa ing karsa  
ika karsanipun  
manawi kinarya marga  
Ki Tanurang semune tan den karsani  
dadya maksih sangsaya.
11. Ki Rubaka angutus ing rabi  
Ni Usada sira nglalawada

lawan anakira mangke  
lah lungaa karuhun  
ya lungaa ta sira nini  
gawanen kakangira  
mintar kang ingutus  
gawanen Ni mBok Sumarsa  
kakangira anenggeh alara brangti  
linggar kang inujaran.

12. Samedale mangke maring jawi  
Nyi Sukeli aris dennyta ngucap  
uwa paran wiwitane  
kang Sumarsa puniku  
marmanipun alara brangti  
lah uwa warnanana  
nyi rangdha sumaur  
wiwitane adhayohan  
wong amoyang wastane Ki Jayengrasmi  
lawan Ki Jayengraga.
13. Nyi Sukeli locana ing ati  
wingi wong kang lintang ika  
kang asung semang wirage  
sawengi uni ketung  
sapolahe katon ing ati  
ing badanisun ika  
sen segeh andarung  
wruha yen nginep si uwa  
sun asanja sing uwa nginep sawengi  
anglong lengleng titiga.
14. Kaliru bayah wong lintang wingi  
kalawan wong kalak ijo ika  
engkol asengkol polahe  
papakangane ketung  
yen ujare Nyi Ken Sukeli  
yen isun den paksa

dening ramanisun  
isun tur mangsa gelema  
den wadeya baita isun lakoni  
angur ara wudhua.

15. Nyai rangdha mangke tanya aris  
Nyi Sukeli kapan karyanira  
den tegen tegen ing gawe  
ana sun ayun-ayun  
Nyi Sukeli mangka nauri  
karya abobojejan  
uwa ja winuwus  
aseneb ati manira  
mantunira pangrunisun wis mati  
binajo ing lautan.
16. Nyi Usada ika muwus aris  
iya iku kakang anakira  
nora na maning ujare  
karane atinisun  
asimpena lenga saguci  
den nggowa anguruta  
datan mari kaku  
Sukeli angling ing nala  
lamon kaya wong lanang kang liwat wingi  
nadyan tan den tukuwa.
17. Tan sengan iku si biyung iki  
anampani dhuwit lalamaran  
pantes anungkelang kored  
pantes anocol kukuk  
lan ambakta bibit kumbili  
pantes teka sing gaga  
akulambi kadut  
yen uga Ki Jayasmara  
wong anjepat pantes nggawakena samir  
ingiringi pawongan.



18. Satekane Ki Rubaka linggih  
tiningalan ika Nyi Sumarsa  
wus suwung ilang cahyane  
supena kang den guguh  
marmanipun atemah brangti  
rarasing panggulingan  
Nyi Warsiki iku  
polahe Ki Jayengraga  
kang den guguh ing tilam kapati  
marmane dadi goyang.
19. Saya angles Nyi Warsiki brangti  
Nyi Sumarsa ika polahira  
lesu lupa sarirane  
nyai rangdha andulu  
ing anake-anjrit kapati  
lah nyawa anglilira  
pamanira rawuh  
lah nyawa asusuguwa  
Nyi Sukeli denira nangis kapati  
lah kakang isun teka.
20. Tatanggane kabeh sami prapti  
wangsa kadang sami alalawad  
kang tangis mangkin arame  
sami atanya gupuh  
uwa paran den angluh iki  
arinisun alara  
nyi rangdha amuwus  
awirang yen popoyana  
lara mangke arinira angles brangti  
sami atebah jaja.
21. Nulya rawuh nyi dhukun nulungi  
aglis gugup akarya tatamba  
gupuh denny njuput jambe  
apunipun sasentul

dipun puluk nora na kari  
lawan suruwe pisan  
watara sadhepung  
lambene montol sakyista  
kaletengen nyi dhukun tiba sing panti  
den sauti camera.

22. Ki Rubaka angutus ing rabi  
Nyi Usada sira mereneya  
lah ta mantuka den ageh  
juputen ladingisun  
Ki Waunan asung wajani  
asungsiung lading waja  
soring karangulu  
wus lunga kang ingujaran  
mangka sinung pangrumpak dipun tampani  
dening dhukun Rubaka.
23. Nyi Tilarsa bungahe tan sipi  
tumingal ing anakira gesang  
anglilir kalih arine  
nyai rangdha amuwus  
asirama ta sira nini  
kalawan arinira  
aja sira gupuh  
balikan sesenggakena  
yen ginuguh puwarane anglong brangti  
sisipa dadi edan.
24. Mangka nambut pawohan tumuli  
jambe anom wus tinulis rajah  
lawan sedhah temu rose  
punika karsanipun  
Ki Rubaka ika angesthi  
wijining kamagilan  
kang mungguh ing suruh  
semburena mring Sumarsah

wus sinembur kang agring anglilir kalih  
bungah rangdha Tilarsa.

25. Anake mangke den bibisiki  
Nyi Sumarsa lah teka menenga  
idhepen jarisun mangke  
ing benjang lamon rawuh  
Jayasmara lan Jayengragi  
lah sun sedhepi pisan  
sun pipile mantu  
pilih babu jodhonira  
Nyi Sumarsa bungahira tan sinipi  
sarwi asaur sembah.
26. Nyi Sukeli locana ing ati  
wikan lamon ujar kakancangan  
mendhek mendhek ing kakange  
aris denira muwus  
kang Sumarsa den tulus asih  
isun kawulakena  
suka atinisun  
amamaru sami kadang  
saparentahira kakang sun lakoni  
rengu Nyi Mbok Sumarsa.
27. Nyi Sumarsa rengu ulatneki  
amiyarsa ika yan mangkana  
Nyi Sukeli ing wuwuse  
manda wong dowah iku  
kadang dhewek karsa nyelori  
bayah arep angrurunjang  
Nyi Sukeli iku  
nora nganti linayanan  
kadang dhewek sumedhep angaku laki  
lir paceklak wong lanang.
28. Ki Rubaka asruh wuwusneki

kakang rangdha lah sira kantuna  
den bisa amomong nake  
ing benjang lamon rawuh  
Jayasmara lan Jayengragi  
lah isun wartanana  
dadya atinisun  
baya bosen mangan sega  
Jayasmara kagama ing tangan kalih  
lawan Ki Jayengraga.

29. Nyi Sumarsa rengu ulatneki  
amiyarsa uga yen mangkana  
wicarane pamanane  
anukmeng daryanipun  
kaya mangsa sidan apanggih  
lamon ta mangkana  
nyai rangdha sumaur  
Sumarsa teka menenga  
pamanira bisa isun naratani  
bungah Nyi Mbok Sumarsa.
30. Sampun mantuk Ki Rubaka pamit  
nyai rangdha kantung aneng wesma  
anjum atine anake  
dhuh nyawa anakisun  
aja babu ginawe ati  
ujare pamanira  
aneng budinisun  
balikan nambut gaweya  
cacawisa gagawanira alaki  
bungah Nyi Ken Sumarsa.

### XIII. DHANDHANGGULA.

1. Warnanen mangke Ki Jayengrasmi  
salinggarira sing Sinduraja  
angeca-eca lampane  
sumengkeng gunung-gunung  
parang pringga jurang kapering  
luyut punang wratmaka  
dening lumut lumut  
sela geng angapit margi  
pudhak mure lir wentis kesisan tapi  
araras tiningalan.
2. Kawuwuhan langene tan sipi  
padapaning jring kumlak kanginan  
angso karone rumembe  
lir jinem apulang yun  
sekar bana yayah ing tulis  
tinon lir kasuraga  
kalasa balitung  
wuni mateng mabrang sinang  
palisire jangjaga mekar mrik minging  
tinon lir pakasutan.
3. Priya anjrah ta ana ing siti  
kanigara sarinya wiletan  
lata katira rewange  
padma lanang rakta suh  
munggeng taken mangungang asrih  
lawan anggrek satata  
ing pinggirnipun  
pupusing lirang ambabar  
jangga millet lir priya angol panepi  
jinem anglukar sinjang.
4. Er tambang tembing lambunging wukir  
sumyak swaranya tumibeng jurang

kungkang munya ing rong rame  
kadya wong apangayun  
awurahan swara nireki  
kadya anambra<sup>ma</sup>  
ing pangidhepipun  
kagyat kapakung malesat  
minangsa ing paksi aliman munining  
mingser angungsi sela.

5. Sela sayana tepining beji  
sasoring angšana **abrang mekar**  
runtuh sumawur sekare  
kumambang aneng **banyu**  
**puspa** nyidrah kentar ring wari  
kampir ring sata patra  
ganggeng lumut lumut  
arjuna taru araras  
sarya mangku saweneh kang den kemuli  
awedhak lumut atya.
6. Jangkung tumiling tepining beji  
anganti ika suruding toya  
minah lit den prih silibe  
kuntul mencok ing watu  
pacuk mencok ing tunggak jati  
adhidhis api era  
tumiling ing banyu  
cabak angancik ing tunggak  
amrih mangsa angungak deleg gumilir  
mina lit sumamburat.
7. Kitiran munya ing pang aganti  
awurahan paksi mangsa wohan  
sajalestri dhustha mbeku  
swaraning paksi ciyung  
lir narapah pangedhepneki  
kang kadhasih sasangka

munya padha nungsi  
kadhewo mencok ing lowa  
sisiwo ngondhol telihnya wareg bukti  
lir daksu pinarada.

8. Pon bembem wila jajar lan wuni  
pon denta lawan pon madhalika  
kasidan ing pang arame  
jabung awis lan lutung  
munggying tahe arebut bukti  
swarane tabang tabang  
mandrah pang karungu  
swarane maluna luwang  
asanggani pareng pangriking sundari  
lir saludhinging wayang.
9. Lemat lemat katingalan iki  
ing Ardi Palah pan katingalan  
katon angunggul masjide  
muncar patakanipun  
rinumpaka linepang putih  
kasunon ing raditya  
halep yen dinulu  
wali kadhep kapawanan  
kedhap kedhap kadya ngaweh ing tatami  
kadya ken tumanduka.
10. Egar manahe Ki Jayengrasmi  
tumingal ing tatanduran yeka  
kitri asangkep warnane  
kitri kang pinggir enu  
pucang denta lan pucang ranti  
lagi ambabar mayang  
gandanya mrik arum  
pamedharing mayang mekar  
kadi gelung alukar mentas arasmi  
ing jroning pakasutan.

11. Sakehing pala gumantung mohi  
manggis kapundhung kalawan duryan  
drasana jambu jabane  
poh ijo lan andhasun  
salak wulan lawan kacapi  
wohe amlar ring marga  
lewasing amupuh  
padakah langkung dherekan  
andhap awoh kang rondhon lan gandasuli  
jambu aer trisata.
12. Alon alon lampaheng lastari  
Ki Jayasmara lan arinira  
kalangkung ika remene  
lenglung dennya andulu  
upacara ingkang angrawit  
warnanen kang kusuma  
winuryan anglangut  
ajajar kang jinamiran  
parijatha sarok lan jangga kasturi  
egar Ki Jayengraga.
13. Kembang abang jinajar lan putih  
puspa nyidra ajajar lan pita  
tuturutan upamane  
yen tinon abrah murub  
yen winawas kadi Candhini  
malih upamakena  
langene dinulu  
yen pasara pangeberan  
yen dodota rarawitan samineki  
sinawung pinarada.
14. Patani tinon yayah ing tulis  
arib gambar kederan ing toya  
sela candhani watone  
banon bang baturipun



apalisir jangga kasturi  
Jayasmara kacaryan  
tumon tulisipun  
atulis gambar naraka  
kang sasisih tulisan swargadi lewih  
Jayasmara kacaryan.

15. Lintang sukane Ki Jayengrasmi  
kalayan arine Jayengraga  
upacarane arame  
lampahe kandheg mangu  
Jayengraga ngalem ing ati  
pangaleme kalintang  
Jayasmara muwus  
bisane Ki Malangkarsa  
bagus anom pandhita prawireng kawi  
tur putus ing aksara.
16. Masjide ageng linepa rangwrit  
undhak tiga pinajengan sirap  
sela candhini bature  
pinageran pring tutul  
ginelaran kalasa ngrawit  
winacak suji kembang  
pasik nataripun  
kasongan pujangga puspa  
lagya sami padapa asusun sari  
tinon kadi ugyana.
17. Kaome ika sami ngideri  
rewangnya sami ngrasani srengat  
Ki Mindarsah abing eler  
syekh Monah menggeh kidul  
mungguh wetan Syekh Amongsari  
kilen Ki Tresnaraga  
sami mangun kayun  
asruh brangtinireng Sukma

anom anom samya mangun tapa brangti  
lir wong tinaluturan.

#### XIV. DHANDHANGGULA

1. Syekh Malangarsa ana ing masjid  
uninga yen wong sanake teka  
susunggu bungah manahe  
sinungan salam asruh  
Malangarsa ika nuruni  
sigra anjawat asta  
aris denny ngrangkul  
kangen yayi sun ing sira  
anauri Ki Jayasmara amanis  
kakang manira nedha.
2. Alami isun nora papanggih  
ing panyananisun yayi sira  
sun sidhep wis mati wake  
lawas nora tetamu  
kaya ana tridasa warsih  
duk ana ing pasiran  
sring ucap ing dalu  
kangen yayi sun ing sira  
anauri Ki Jayasmara amanis  
kakang kaula nedha.
3. Den lirik sira Ken Jayengragi  
iku ta yayi sanak punapa  
Ki Jayasmara dan linge  
sanak kaula dulur  
Malangarsa amuwus aris  
yayi den apracaya  
nora beda isun  
lan isun asasanaka  
Ki Jayengraga mulang ling umatur aris  
nuhun kasihan ndika.
4. Den bakta mantuk Ki Jayengrasmi  
mBok Kulangan sanakira teka

kang sun ucap salawase  
mBok Kulangan agugup  
dennya napa bageya yayi  
aglis nggelar kalasa  
wus kinen alungguh  
sinegahan kinen mucang  
sinambroma kang rayi den acarani  
lah bagus adharwoha.

5. Lawas yayi nora atitilik  
tega temen denira sasanak  
baya wibawa awake  
Jayasmara gumuyu  
bulang kina kakang duk nyantri  
sajeging nambut krama  
punika katungkul  
angulati pakasilan  
Malangkarsa mesem sarya muwus aris  
sami lan wong pacirah.
6. mBok Kulangan karsa anyanggrami  
gupuh-gupuh arsa olah olah  
nora mung aken rencange  
maring pawongan gupuh  
karsanipun njuput kawali  
beras kasenggol wutah  
pecah buyungipun  
titiyange katarajang  
cangkol kiyong den gecek sindhep kamiri  
elo den sidhep bawang.
7. Dennya gumuyu ambelik belik  
mBok Lerisan ika polahira  
tan wruh merejel kopeke  
bedhah **kekembenipun**  
enting wirangira tan sipi  
mudhun angidek wangwa

benjut bathukipun  
kalun katiban cacagak  
angrrintih guyune asemu tangis  
wong gumuyu asumyak.

8. Tatanggane wus anguningani  
yèn adhinira ika dhayohan  
wong anom bagus rupane  
parawan samya rawuh  
sangadine angrerewangi  
sigra aucal tampar  
ni wulanjar kidul  
ramanira ika tanya  
nyì wulanjar marang ngendi sira nini  
sangsaya padhungdhegan.
9. Parawan ika pating kalesik  
Jayengraga kang paran ing tingal  
mambu ati pangucapé  
kang sawaneh amuwus  
nyì mbok iku andedelengi  
sira bayah den lamar  
lamon nyì mbok iku  
sedhep yèn angguguyuwa  
ambrih paran ayuna kaya sun iki  
rara wudhu tur tuwa.
10. Balik kang kaya sira puniki  
rara wirya saengen sarupa  
parawan bangkit ing gawe  
sauripun asendhuh  
salah tunggal parawan singgih  
isun iki karuwan  
lamon mindha jugul  
baya ora kenang mindha  
kadadawan ngguyune atungtung runtik  
dadya guguyon tukar.

11. Rara Kempreng ika kuntrang kantring  
adan paes dadak uwang uwang  
kadi kapinjal polahe  
tan **pegat manjing metu**  
Jayengraga den kelenceri  
polahe atanaga  
lingsene angsu angsu  
metung jaba ragan ragan  
buyung wuluh den tembang patut suling  
anembang semang driya.
12. Meh sumurup hyang pratangga wengi  
olah olahan rateng sumadya  
sampun sira saji jambe  
sampun aimbuh sekul  
mBok Kulangan asaji wari  
mangke lekas andhahar  
lan tatamunipun  
mangkana Ki Malangkarsah  
tatamune tumulya den acarani  
mangka lekas adhahar.
13. Syekh Malangkarsah wuwusen iki  
pan laminira amangun tapa  
angirangi pangan kule  
tulus amangun arju  
anging lamon ana tatami  
ika ngecani syarah  
lir wong dhaga sekul  
wus wikan rusiting lampah  
riya kibir sumangah den kawedeni  
asruh ajrih ing Sukma.
14. Sumuruping Hyang pratangga wengi  
Ki Malangkarsah adan asalat  
asalat magrib ta mangke  
sampuning salat metu

mangke linggih sireng surambi  
lawan tatamunira  
Malangkarsah muwus  
yayi paran sadyanira  
amulang ling Ki Jayasmara ture ris  
kakang sadya manira.

15. Sadya kawula mara ing riki  
angulati kakang sanakingwang  
wadon tan wikan parane  
linggar kalaning dalu  
titiyange kakang pawestri  
ika rewange linggar  
wis manira tutur  
kederan lura Janggala  
ing Kadhiri kakang sampun sun ulati  
miwah ing Lebuasta.
16. Parandene kakang tan kapanggih  
karan isun kakang maring sira  
manawi regeh wartane  
ing wong dinol tinuku  
Malangkarsah amuwus aris  
mangko sun apopoyan  
iku sun angrungu  
rubiyah yangyung lalana  
kalih cethi aparab Nyi Silabrangti  
wesma neng Wanamarta.
17. Ing Wanantaka anenggeh yayi  
Syekh Mangunarsa wastane ika  
anenggeh kang kenipene  
kang awarta ing isun  
Ki Syekh Monah wastane yayi  
mangko uga pon teka  
wus utusan isun  
awarta yen adhayohan

Jayengraga wuwuse anggegerehi  
lah daweg pinaranan.

18. Ki Malangarsah anawalani  
benjing enjing yayi pinurugan  
manira milya ndhedherek  
manira ayun weruh  
ing yaktine wartane iki  
nenggeh lakine teka  
rubiyah puniku  
aran Ki Syekh Amongraga  
nenggeh kokum linabu nora wigati  
duk aneng Ngaksiganda.
19. Tan kena rekeh tirunen yayi  
ing polah iki yen wis dungduman  
tan gingsir ing kadadine  
apan kang laku iku  
alayarang sagara api  
amegata sawangan  
angekep jejengkuh  
ing laku mangsa manggiha  
Jayasmara tumungkul agugon wedi  
kakang manira nedha.
20. Yadyan byareng sagara sih  
ing laku yayi mangsa manggiha  
tatapi yen durung dume  
apan isun angrungu  
kang ingaran Allah waliki  
lir lalandheping pedhang  
nugrahane kang wruh  
apan kang aran nugraha  
kanugrahan iku yayi anampani  
kang tinampan nugraha.
21. Pan kang kanugrahan iku pilih  
dudu rasanira sang awenya



loba akarsa ing akeh  
kang nugraha puniku  
nenggeh ika walesaning sih  
kang sih iku nugraha  
ing pralabinipun  
lir angilo ing paesan  
wawayangan kanugrahan semuneki  
kang angilo nugraha.

22. Mapan semuning angilo yayi  
sinung wikan yayi kang sinihan  
anjatani kakasihe  
semuning ngilo iku  
sinung wikan dening Yang Widi  
dadya ngestokken sira  
ing pangakenipun  
ana paran yayi sira  
kinsarsaken saking ora purbaneki  
jenenge kadodoran.
23. Patemon iku arane yayi  
kadya ngganing toya sin lan tawah  
apupul iku arane  
ing patemone iku  
nora kena ingran jaladri  
miwah ranana tawah  
anta aranipun  
anta iku kanugrahan  
Jayasmara tumungkul agugon wedi  
kakang manira nedha.
24. Yen wis sirna tawaning toya tis  
kawibuwan asining sagara  
anta sirna kajatine  
asining jaladri ku  
kang jumeneng nora kakalih  
anging ika sagara

iku kang purba gung  
iku yen sira wikana  
kang ingaran sagara gung tanpa tepi  
iku pagurokena.

25. Mongkono yayi sirnaning cremin  
rupa jroning paesan pan sirna  
mantep rupane dheweke  
kang sinihan kaliput  
dadya jeneng rupa sri adi  
liwung tan ana wikan  
kadi duking dangu  
sadya wruh pribadinira  
Jayasmara tumungkul agugon wedi  
kakang manira nedha.
26. Kasaru dening Syekh Monah prapti  
sarencangira Syekh Malangarsah  
rawuh kabeh sakaome  
Syekh Pariminta rawuh  
miwah lawan Syekh Amongsari  
len sang Syekh Tresnangraga  
sami atur atur  
aglis sami ingacaran  
kaomipun sadaya sami alinggih  
sampuning sasalaman.
27. Asuwe yayi isun anganti  
yayi manira dhayohan sanak  
nenggeh ngulati sanake  
linggar kalaning dalu  
sanakipun nenggeh pawestri  
lungane tan kawruhan  
lan titiyangipun  
ika manira miyarsa  
titiyange wastane Nyi Mbok Candhini  
wesmane Wanamarta.

28. Syekh Monah ika atatur jati  
manira kakang miyarsa warta  
nenggeng Wanantaka mangke  
wenten rubiyah rawuh  
wastanipun Nyi Silabrangti  
sami anandhang nyawa  
lan titiyangipun  
ika manira miyarsa  
titiyange wastane Nyi Mbok Candhini  
wesmane Wanamarta.
29. Ki Jayasmara amuwus aris  
punika kakang mangsa dedeya  
sambada lawan sambate  
anging prabedanipun  
Tambangraras wastane uni  
manawi ngalih aran  
Silabrangti iku  
amuwus Ki Jayengraga  
sabda gathul kakange den gegerehi  
lah daweg pinurugan.
30. Syekh Monah ika atatur malih  
boya lami manira miyarsa  
wonten kalih dinten mangke  
kang ngawarta ing isun  
santri Monthel wastane iki  
nenggeh kangken sisiya  
dening ipenipun  
aran Ki Syekh Mangunarsa  
aweweh brangta Yun den kirimi tulis  
dhateng ing Wanamarta.
31. Malangarsa ika muwus aris  
mangke yayi sami pinurugan  
sitangsu lagya sumare  
Jayasmara amuwus

lah anedha kakang sun iring  
ayun linggar sadaya  
mangke kaomipun  
dan Ki Mangkarsah kesah  
kasaru Ki Monthel prapta mbakta tulis  
asruh denya sung salam.

32. Wus sinauran salamireki  
nggih puniku kakang kang awarta  
Ki Monthel iku wastane  
mangke ngacaran lungguh  
santri Monthel mangkya alinggih  
sami asalaman  
Malangkarsah muwus  
agung toyang Wanantaka  
Kaki Monthel kalembak mara ing riki  
dhekehing ina sudra.
33. Ki Malangkarsah amuwus aris  
bagya arinisun kadhatengan  
punapa kinon ing gawe  
santri Monthel amuwus  
pan kinengken kawula iki  
dhateng ing Wanamarta  
ngemban tulisipun  
aran Ki Syekh Amongraga  
asung warta ing rena lan yayah bibi  
yen aneng Wanantaka.
34. Lawan kinen mampira ing riki  
asung salam donga dhateng tuwan  
pininta panedhane  
tuwan kajana kasub  
lamon tuwan amangun singgih  
putus ing widaksara  
kang tumekeng laku  
lan tuwan tetedhakena

Amongraga wong ina kawelas asih  
tuwan tetedhakena.

35. Meneng datan angling Malangkapti  
amiyarsa wuwus yan mangkana  
Amongraga ing wuwuse  
anukmeng daryanipun  
kaya apa pasemonneki  
dede akirim salam  
donga marang isun  
ragane iki wis wikan  
Jayasmara kalawan Ki Jayengragi  
yen aneng Ardi Pala.
36. Syekh Pariminta kang den kedhepi  
iki si tandhaning wong kawasa  
den alingi karamate  
iku isun angrungu  
anenggeh wong kang uwis lewih  
tan kandheg ing karamat  
nenggeh ingkang luhung  
tan ayun wipala syarga  
ing karamat kabeh tan angrebedi  
yen salah pan kangelan.
37. Endi sing lewih ing nabi wali  
karamat ika paran kang ora  
dene tan dadi adat  
pan dadi adatipun  
kadi liman sinung kasaktin  
manjing maring wiwara  
ing jero kang alus  
lega ing awake ika  
karing wuri sesek dening buntut neki  
manira amiyarsa.
38. Wong punapa manira puniki  
den juluki panenedhaningwang

jalma ina pan samine  
ing darmaji apunggung  
tanpa barkah nuwuki bukti  
tuhu yen lulut ing jya  
ing waktu asampun  
amung napsune sadina  
tanseng pawong ngadhepi liwet surabi  
apem kalawan ketan.

39. Balik Syekh Amongraga wong lewih  
sampun antuk jenenging ngatapa  
pan wus suka saragane  
nenggeh isun angrungu  
Amongraga wus anglebeti  
duk aneng Ngaksiganda  
linabuh tunimbul  
winenang ngambah dremaga  
wong sanake wong inajalma kasesi  
tuwan tetedhakena.
40. Lawan manira ayun udani  
tanduking nawala kang binakta  
Ki Monthel ika wuwuse  
tan wenten sangginipun  
mangke sinung nawalaneki  
pan sampun tinampenan  
nawalanireku  
denira Ki Malangarsah  
mangka sinungaken ing Ki Jayengrasmi  
pan aglis tinampenan.
41. Winaos dening Ki Jayengragi  
nawalanira Syekh Amongraga  
anyuwi ati tanduke  
punika layangipun  
Tambangraras katureng bibi  
miwah ing wangsa priya

punika asung wruh  
yen Tambangraras agesang  
suta tuwan Amongraga ika prapti  
yen aneng Wanantaka.

42. Lawan ariku Ki Jayengrasmi  
kalawan si adhi Jayengraga  
den agung pangapuntene  
duk lunga tan asung wruh  
kakangira utameng brangti  
tresna ing kakangira  
marma ing ngalangut  
ing dalu yaya supena  
Jayasmara yen asih ayya tutuwi  
dhateng ing Wanantaka.
43. Angres manahe Ki Jayengragi  
amiyarsa tanduking nawala  
tan wruh yen mijil waspane  
wiyosing manah masgul  
miwah lawan Ki Jayengragi  
wuwus tan kena medal  
pan adres dening luh  
wiyosing dres Tambangraras  
layang tiba ing siti tan den kawruhi  
kantu Ki Jayengraga.
44. Miwah sira ta Ki Jayengrasmi  
kaputungan manah tanpa ngucap  
tumingal kantu arine  
arinipun den rangkul  
awunguwa ta sira yayi  
si kakang kawlasana  
sapa rewangisun  
kakangira tanpa sanak  
**Jayengraga den guguh nora anglilir**  
asruh denya karuna.

45. Ki Malangarsa angling ing ati  
 iki si ewuhing wong lumampah  
 kalingan dening tresnane  
 karane akeh kondur  
 Ki Syekh Monah den kujiwati  
 iki musuh digdaya  
 Ki Monah tumungkul  
 amuwus Ki Malangarsah  
 kang tinedha sih pitulunging Yang Widi  
 tulusena ing lampah.
46. Adan anglilir Ki Jayengragi  
 Jayasmara lintang sukanira  
 sapanglilire arine  
 arinipun den rangkul  
 Jayengraga ika sung bakti  
 mara ing kakangira  
 kakange susunggu  
 mangke sira nandhang nyawa  
 arsa tapa aparab Syekh Amongsari  
 apan Syekh Amongkarsa.
47. Syekh Malangarsa amuwus aris  
 Kai Monthel manawi tan wikan  
 nenggeh puniku sanake  
 Jayasmara ranipun  
 miwah iku Ki Jayengragi  
 sapamiyarsanira  
 santri Monthel iku  
 amicara ing jro nala  
 baya iki mula isun kinon mampir  
 iki ing Ardi Pala.
48. Sampun sinambroma Ki Monthel mit  
 Syekh Amongraras mangke angucap  
 manira nedha maape  
 manira weling atur



asung warta ing rama kalih  
yèn aneng Ardi Pala  
sampun walang ayun  
sampunging asalaman  
santri Monthel karsane lumampah aris  
dhateng ing Wanamarta.

49. Sigegen sira Syekh Malangapti  
santri Monthel denira lumampah  
sampun kawingking desane  
lampahnya lon andarung  
atut lebak geger kapering  
jejem ing lampahira  
tatkalaning dalu  
kanginan kang wuluh wungwang  
anguluwung kadi pujining birahi  
santri Monthel grait.
50. Meh raina semu bang hyang rawi  
santri Monthel denira lumampah  
pan sampun lintang sing areh  
kongas pradesanipun  
lebak lebak sabin kawuri  
kongas ing Wanamarta  
masjide angunggul  
kalamudan ampak ampak  
paksi kandha rumarap kadhuk ing liring  
kadya tungtunan ulat.

## XV. DHANDHANGGULA

1. Rengen sakala kang aneng margi  
santri Monthel denira lumampah  
dan Ki Panorta wuwuse  
lintang sadarganipun  
miwah rekeh Nyi Mbok Malarsih  
lungane Jayasmara  
angrasa kaduhung  
kadya salah kapatiyan  
Ki Panorta rabine den pituturi  
wuwuse lir sarkara.
2. Tambangraras wis karuwan mati  
Jayasmara lan Ki Jayengraga  
mung dira tingali mangke  
nora sira pintuhu  
wuwusipun ing nguni uni  
mangko baya karasa  
yen sira kaduhung  
matinya Ki Jayengraga  
anglong mendra sawuri sira kasesih  
mangsa wurunga edan.
3. Balikan sira den anampani  
semuning Yang iku maring sira  
ingalapan kakasihe  
iku sira den emut  
aja tungkul ing renes nini  
tingalira den awas  
aya wet katungkul  
ingkang amisesang jagat  
balik dipun rene sukur ing Yang Widi  
iku patemonira.
4. Anenggeh nini ika wong lewih  
balahi ika kinarya damar  
saya asruh prihatine

iku isun angrungu  
nenggeh ika ing wong kang lewih  
iku anedha lara  
aya wet katungkul  
ing renes lawan pakenak  
yen katungkul yakti adoh lan Yang Widi  
tingale kawarana.

5. Pangrunguningsun yeka ing nguni  
nenggeh ika ing wong luhung wasal  
ingalapan kakasihe  
iku isun angrungu  
upamane sekar malathi  
rondhone ingalapan  
medal sekaripun  
mangkana ing panarima  
den rumasa cinoba dening Yang Widi  
iku manira myarsa.
6. Anane den sunat ing wong mukmin  
yen sinung lara dening Pangeran  
nora apopoyan ageh  
animpen laranipun  
ing sadina lawan sawengi  
lintang pangganaring Yang  
wipalane agung  
sing kang amartaken lara  
ingaranan awawadul ing Yang Widi  
tan kinatujon ing Yang.
7. Sunahing nabi puniku nini  
anutupi rekeh celaning lyan  
angedhengaken celane  
iku isun angrungu  
pan sakathahing para nabi  
kena ing kawirangan  
iku sunahipun

asih jroning sengitira  
ing sengite iku ing jroning asih  
manira amiyarsa.

8. Balik den rena sukur ing Widi  
rumasaa yen kapiyutangan  
pinelag ing dadi kabeh  
pelagira puniku  
sinung budi bisa amilih  
nora sami lan kewan  
tan sinungan weruh  
ingkang amisesa jagat  
ing manusa sinung budi bisa milih  
cinane yen sinihan.
9. Lawan sira tinurunan nabi  
amartaken sabdaning Pangeran  
asung wruh ala becike  
mangka manusa iku  
sinung kadar dening Yang Widi  
kinen amiyarsaa  
pituturing Rasul  
sing kang tan idhep ing warta  
jinangjekken dadya isining yamani  
dadi langgeng alara.
10. Angres tyasira angrengah wangsit  
Nyi Malarsih ika amiyarsa  
Ki Panorta ing wuwuse  
apan aucul gelung  
padanira ngusapan weni  
dahat kapiyutangan  
anarimeng wuwus  
sumaur sarwi anembah  
Ki Panorta bungah sira aningali  
ing rabi anut karsa.
11. Nyi Malarsih wuwuse ariri

santri Luncing sira mereneya  
isun anjaluk sukane  
ulatana nakisun  
yen katemu Ki Jayengrasmi  
sira amradikaa  
Ki Luncing mintuhu  
wus lunga kang inujaran  
santri Luncing teka ing jaba anangis  
ketang ing sanakira.

12. Henengakena mangke Ki Bumi  
santri Luncing denira kucapa  
sampun kawingking desane  
lampahipun andarung  
atut geger sabin kapering  
anut ing bang acala  
iringaning gunung  
Ki Monthel katemung lirang  
lagya linggih ing lirang den lelendhehi  
lirang tumengeng lirang.
13. Satingalira mangke Ki Luncing  
santri Monthel kapanggih ing marga  
alinggih ing sela mangke  
asidhuwa ing watu  
sesendheyan angsoka asri  
makar dangu ing lirang  
langit kang den dulu  
katon kang amurbeng jagat  
ing ngenenge Ki Monthel ametu puji  
saulat lawan Sukma.
14. Satingalira Ki Luncing panggih  
santri Monthel ika atatanya  
adhi manira atakon  
ing pundi prenahipun  
kang ingaranan punika dhi

desa ing Wanamarta  
Ki Luncing sumaur  
inggih desa kang punika  
katingalan masjide saking ngriki  
punika Wanamarta.

15. Kang pundi ta wastane Ki Bumi  
manawi adhi ndika uninga  
manira tuduhna mangke  
santri Luncing sumaur  
ayun wikan manira iki  
inggih gusti manira  
Ki Bumi puniku  
kang ngakengken ing manira  
angulati ing tanayane puniki  
aran Ki Jayasmara.
16. Suka manahe Ki Monthel angling  
yen mongkono lah adhi matura  
manira iki kinengken  
angemban layangipun  
Tambangraras asung topeksi  
lamon ana ing griya  
Amongraga rawuh  
ing mangke akirim layang  
asung uning ing wasa ing rama kalih  
yen aneng Wanantaka.
17. Ki Luncing ika atanya aris  
manira paman ika atanya  
ana kangken titiyange  
sanak manira iku  
wastanipun Nyi Mbok Candhini  
bayah ana agesang  
santri Monthel muwus  
punika kangken rubiyah  
santri Luncing aglis sira asung bakti

dhuh kakang sanakingwang.

18. Den bakta mantuk Ki Monthel aglis  
arsa maturang Bumi Panorta  
sami gita sakaome  
tumon Ki Luncing rawuh  
tingalan angemban tulis  
Ki Panorta atanya  
tulis apa iku  
Ki Luncing ika apajar  
suta tuwan punika asung upaksih  
yen aneng Wanantaka.
19. Kang kinengken ika aneng jawi  
anenggeh rekeh kangken sisaya  
punika dening ipene  
Ki Panorta amuwus  
lah undangan bapa den aglis  
mangke wus ingaturan  
santri Monthel rawuh  
ingacaran alinggiha  
sampun katur nawala dipun tampeni  
dening Bumi Panorta.
20. Den waca mangke dening Ki Bumi  
nawalanira Syekh Amongraga  
anyui ati tanduke  
punika layangipun  
Tambangraras katureng bibi  
miwah ing wangsa priya  
kaula asung wruh  
yen Tambangraras agesang  
suta tuwan Amongraga ika prapti  
yen aneng Wanantaka.
21. Miwah ariku Ki Jayengrasmi  
kalawan ari Ki Jayengraga

den agung pangapuntene  
duk lunga tan asung wruh  
kakangira utameng brangti  
tresna ing kakangira  
marmaning ngalangut  
ing dalu ana supena  
lamon asih ariku aya tutuwi  
dhateng ing Wanantaka.

22. Kang angrungu kabeh samya prapti  
uwa bibi sanak mimisanan  
miwah jajabane kabeh  
punika sami rawuh  
kakang ari lan kakang ngaji  
sanak kang mimisanan  
mimingdhon ming telu  
susungguan angrungu warta  
Ki Panorta kadyang gagaping angimpi  
mangke ing polahira.
23. Santri Monthel ika matur aris  
anenggeh ika tanaya tuwan  
Ki Jayasmara wastane  
punika weling atur  
myang ingkang rayi Jayengragi  
wonten ing Arga Pala  
ika weling atur  
ing tuwan sampun sandeya  
arsa tapa aparab Syekh Amongsari  
lawan Syekh Amongkarsa.
24. Mangkana malih Nyi Rarasati  
kalayan malih Nyi Mbok Turida  
kalih sami membeng luhe  
nom tinilar ing kakung  
miwah ika Nyi Mbok Malarsih  
kalawan Ki Panorta



kalih sami segul  
ketang inaning sarira  
iku rare samya mangun tapa bakti  
tuweng sun agung mendra.

25. Ki Panorta akarsa mangsuli  
nawalanira Bumi Panorta  
anyui ati tanduke  
punika layangisun  
maring sira bapa den sami  
sungana rakhmatullah  
bapa anakisun  
lan isun tetedhakena  
bibinira antuka sapangat nabi  
ing tembe ing akerat.
26. Wus akarya wangsulan tumuli  
santri Monthel ika sinuguwan  
pan sipi sipi mulene  
rarenipun den utus  
angambila kampuh ing pethi  
lawan salbene pisan  
ika sutra wungu  
lan dhastar caweni pethak  
kopyah moga kulambi salbad sultani  
Ki Monthel asalina.
27. Kang sinungan ika anampeni  
kiyai kawula nuhun pisan  
ing pasidan tuwan mangke  
punika karsanisun  
aturenang Syekh Amongragi  
nadare ki Panorta  
ika karsanipun  
wus amit asasalaman  
santri Monthel sampun medal saking kori  
asruh denny lumampah.

28. Ucapen lampahira ing margi  
santri Monthel den sruh lampahira  
sampun andungkap ing areh  
akeh wong kapidulur  
wong kapapag samitra neki  
mandheg asalaman  
suka manahipun  
ki santri Monthel atanya  
saking pundi pinangkane sira yayi  
sukur lamon kapendhak.
29. Ki santri Brekat ika mangsuli  
aking gunung pan manira papag  
lan malih anging pamakseng  
wang iki yaktinipun  
sapa wruh lamon kapethuk ing  
margi lan sira kakang  
Ki Monthel sumaur  
lawas sun nora kapendhak  
santri Monthel ika mawacana aris  
sukur lamon agesang.
30. Ki santri Brekat atanya aris  
pakanira sing pundi pinangka  
lawan prenah tuwan mangke  
santri Monthel sumaur  
pan ingutus manira yayi  
dhateng ing Wanamarta  
ngemban tulisipun  
awasta Bumi Panorta  
duk atatur nawala dipun tampani  
kalintang sukanira.
31. Syekh Amongraga wastane yayi  
kang angutus yayi maring ingwang  
pandhita alus budine  
akeh sisihanipun

Silabrangta garwane yayi  
sami utameng lampah  
Ki Monthel amuwus  
amit yayi sun ing sira  
santri Brekat sumaur wacana aris  
sampun pepekang marga.

32. Bakda magerib Ki Monthel prapti  
Amongraga aglis anambrama  
Ki Monthel linggiyang kene  
paran ta wartanipun  
santri Monthel pan matur aris  
pan sampun tinampenan  
nawalanireki  
denira srih rama tuwan  
wis winaos nawala dipun sungkemi  
sarwi angemu waspa.
33. Kaomipun kabeh sami prapti  
wangsa kadang sanak mimisanan  
sami atatanya kabeh  
punika kula tutur  
kang angrungu sami anangis  
kawula sinuguwan  
enting sukanipun  
ata kawula sinungan  
kopyah moga kulambi selbad sultani  
ika katureng tuwan.
34. Kampuh pethak dhastare cawening  
punika katur dhatenge tuwan  
layan seratipun mangke  
Amongraga amuwus  
lah enggenen denira kaki  
isun suka ing sira  
ing pasihan iku  
pan sira kang anganggowa

santri Monthel mangke sira asung bakti  
inggih kawula nedha.

35. Syekh Amongraga ika nampeni  
nawalanira Bumi Panorta  
anyui ati tanduke  
syuh rempuh manahipun  
miwah sira Nyi Silabrangti  
sarwi maca karuna  
Nyi Candhini rawuh  
teka aniba ing natar  
santri Monthel enting tyasira ningali  
angucap ing jro nala.
36. Nyi Silabarangti atanya aris  
Jayasmara lan Ki Jayengraga  
baya ana gesang mangke  
Ki Monthel tuluy matur  
Jayasmara lan Jayengragi  
wonten ing Ardi Pala  
katemune isun  
punika amaca serat  
wis winaca nawala dipun tangisi  
dening Ki Jayengraga.
37. Rayi tuwan sun idhep mariki  
kalawan ika Ki Mangunkarsah  
rawuh kabeh sakaome  
punika karsanipun  
rayi tuwan ingkang den iring  
yen ayun apanggihha  
lan tuwan puniku  
asamaya kalih dina  
ing yaktine wartane yen maring riki  
kaula amiyarsa.
38. Warnanen ingkang kari akingkin

Mbok Turida lan Nyi Rarasdriya  
amung kaketang lakine  
nom tinalar ing kakung  
tan atebah Nyi Rarasati  
brangta tan kenang pangan  
ageng brangta wuyung  
tansah lawan Nyi Turida  
rewangipun sadina ageng priyatin  
raga ketang tandreman.

39. Datan kena sinamur ing kapti  
den samur samur katon ing nala  
daluh tan kena asare  
aris sira tumurun  
anjeneng ing pantara kalih  
lawan Nyi Rarasdriya  
rewangnya awuyung  
angaub ing soka liman  
tanseng lathi kakunge mangke ginurit  
kalawan arinira.
40. Kagagas mangke rasaning ati  
rasaning tyas kadi wasapatra  
tibeng sela upamane  
marbuk satya angrungu  
swaraning kang satpada rengi  
munggeng lawening sekar  
ing naga puspa rum  
lir kakung amriyembada  
amrih lukaring sinjang sawiteng manis  
ing jroning pakasutan.
41. Mungkin kawewahan brangta kingkin  
rasaning angka muksa bayangan  
analiyangan angure  
gelung lukar sumawur  
sanggon gambir gandanya amrik

malah upamakanena  
sang dyah Amongkayun  
lir kembang kelangan kumbang  
atmlas arsa kusuma amedhar sari  
tinilar ing bramara.

42. Nyi Rarasdriya ika ngaturi  
sampun ginuguh anggugah manah  
manawi dados pangame  
sadening tresna wuyung  
yen pinisah dening Yang Widi  
mangsa wurung lumampah  
kang pinubeng kayun  
anglampahi ing dungduman  
yen anarsa balikan kakang alaki  
yen ana sudi arsa.
43. Kang ingaturan amuwus aris  
bula sira yayi wus kawasa  
anahen lara wirage  
tan wenten dedenipun  
ing wong anom aglis alaki  
mesem Nyi Rarasdriya  
yen dinuk ing semu  
si kakang anduk ing duka  
nora wikan cinoba wijiling gosthi  
mesem Nyi Ken Turida.
44. Yadyan yayi akramaa malih  
si kakang yayi mangsa antuka  
wong lanang alus budine  
kang kaya lakinisun  
sesemone Ki Jayengrasmi  
angepani tyasingwang  
tansah yen amuwus  
sabdanya rum manohara  
yen sararas teka ngentekaken ati

lewesing jro papraman.

45. Mbok Rarasdriya ika nauri  
manira ugi kakang mangkana  
yen tutura lelewane  
teka sayan kaguguh  
lelewane Ki Jayengragi  
yen tekeng saba paran  
sun lagi anenun  
teka anguculi tampar  
amlas arsa kakang angajak aguling  
api angangluh raras.
46. Nyi Wisaraga ika nauri  
manira uga iya mangkana  
yen tutura lelewane  
baya paran kawuwus  
binuwang ing kandhanging sapi  
ingidek dadi sawah  
wis kinum ing banyu  
yen ana kersaning tilam  
tan ariri pinanggih lan anggethoki  
wong kang gumuyu sumyak.
47. Saur paksi kang wong padha angling  
sayan dawa imbalan wacana  
Nyi Arsadriya wastane  
teka nambungi ngguyu  
sumelempet denira angling  
yata manirang kina  
alaki karuhun  
bodho dennyasrenggara  
yen sararas sayan ngewakaken ati  
angurbaya rangdhaa.
48. Mbok Tanakung anambungi angling  
ana dene manira ing kina

alaki santri kalentheng  
pelag sesemonipun  
salamine manira panggih  
dereng yen den sendhuwa  
tansah among kayun  
yen ana karsaneng tilam  
amlas arsa pinenggel asemu tangis  
sinungan asung salam.



## XVI. DHANDHANGGULA

1. Tan warnanen tingkahira brangti  
Mbok Turida lan Nyi Rarasdarya  
dan Ki Panorta wuwuse  
tanpa kilen sadalu  
dipun tutuh sariraneki  
dening nisthaning raga  
tuwa sun katungkul  
ing renes lan arjatama  
angur rareh samya mangun tapa bakti  
tuweng sun agung mendra.
2. Ika kang ketang dening sireki  
Bumi kasanira tinggal dunya  
arsa doh saking arame  
arsaneng sunya samun  
amateken raganireki  
arsa tataki lampah  
mangke karsanipun  
angucap sajroning nala  
Ki Panorta angririh manahing rabi  
den prih kantun ing wesma.
3. Nyi Malarsih wus anguningani  
yèn Ki Panorta adarbe karsa  
lampahe wingi bangiwen  
Nyi Malarsih amuwus  
tanana denira ta kaki  
wiyose manahira  
manira ayun wruh  
amuwus Bumi Panorta  
lah kantuna ing wesma aja prihyatin  
manira manting raga.
4. Arsa amasuh raga ing sepi  
manira sir atataki lampah

malar duluren **angreke**  
angiri manah limut  
angalapi driya tan singgih  
ambrih lebur ing mala  
rancananing kalbu  
giginau isun pejah  
Nyi Malarsih sumungkem padaning laki  
kawula tumut kesah.

5. Yadyan sira malebuwang agni  
manira tumut ing pakanira  
den tulus ika marmane  
paran sun tolih kantung  
tuduhena margo kang singgih  
marma tekeng kasirnan  
ika awakipun  
ayun wruh jatining pejah  
awakipun anggagap anggep ing mati  
lah tuwan tuduhena.
6. Ki Panorta dan amuwus aris  
eh nini iya sakarsanira  
yen ayun pejah ing mangke  
sami asisinau  
apan ewuh ta ing wong mati  
sing sapa bisa pejah  
ing ngaurip iku  
ing nalika tan kewuhan  
nenggeh ika jroning pati manggih urip  
manira amiyarsa.
7. Nyi Malarsih pan sayan birahi  
amiyarsa wuwuse kang raka  
puniku paran tegese  
wacananira iku  
wartanana denira kaki  
Ki Panorta dan mojar

iku sun angrungu  
sing sapa bisa asadat  
bisa salat puniku bisa ing pati  
iku ujaring dhalang.

8. Mapan sadat takbir lawan pati  
wiyose samangke tanpa na beda  
kang wikan palelekane  
ingkang sadat puniku  
nenggeh ingkang angrasa pati  
susirna jiwa raga  
nenggeh pati iku  
nanging rasaning wisesa  
kang karaseng wulu rambut angrasani  
manira amiyarsa.
9. Saya asruh denira birahi  
Nyi Malarsih dahat dening brangta  
amiyarsa ing wuwuse  
kakaung apituttur  
padanira ngusapan weni  
dahat kapiyutangan  
anarimeng wuwus  
lah isun kawulakena  
Ki Panorta sira mangu datan angling  
wikan ing cobaning Yang.
10. Yadyan sira anglingling kajatin  
jatinira ta yen tanpa polah  
ana paran ing mulane  
mapan ta ina tuhu  
pan tanana kuwat ing dasi  
yadyan anglampahana  
margi kang rahayu  
yen tan saking idining Yang  
kang sun tedha sih pitulunging Yang Widi  
tan pegat anenedha.

11. Dadya karsane angunus dhiri  
arsa lumampah ing celanira  
dunya tan manggeng atine  
punika karsanipun  
angambila layang tumuli  
sungena Ki Panorta  
tulisen puniku  
dipun muni papradikan  
rarenira sami tulisena kaki  
yen sampun amradika.
12. Ana dene dunyanira kaki  
sungena ing sanak sanakira  
ing Ki Martabumi mangke  
dennya nunulis sampun  
Ki Panorta bungah tan sipi  
arsa tulus alinggar  
ing kalaning dalu  
wus tumethak saking wesma  
lagya mijil sing kori ana nututi  
Nyi Sumbaling karuna.
13. Anangrengah sawuwusireki  
Ki Panorta kalanira ngucap  
agunem kalih garwane  
punika rananipun  
si Sumbaling ika nututi  
arsa tumut akesh  
ing majikanipun  
amuwus Bumi Panorta  
kantuna ing wesma lan aja baribin  
sira uwis mardika.
14. Mapan isun wis tinggal surat ing  
wangsanira sakabeh mardika  
wus muning surat sakabeh  
balikan layang iku

sungena ing Ki Martengbumi  
iku den tulusena  
sih wilasanisun  
Sumbaling sira kantuna  
Ki Panorta padanira den sungkemi  
kawula tumut kesah.

15. Dan lumaris lampahe Ki Bumi  
sampun mijil ika saking wesma  
kadi gopita lampahe  
kesah kalaning dalu  
dan warnanen ika ing margi  
lampahe Ki Panorta  
kalih garwanipun  
lawan cethine sanunggal  
rewangipun sami sumengka ing ardi  
atilar kawibawan.
16. Sampun raina mijil hyang rawi  
Ki Panorta denira lumampah  
sampun lumintang sing are  
anut iringing gunung  
lebak lebak sabin kawuri  
jamjami lampahira  
lawan garwanipun  
sumengka ing wana pringga  
anglampahi jurang sengka parangnya writ  
ing imbanging acala.
17. Wrutmaka ewuh jurangnya rumbing  
tibanya jro anibani wungkal  
sumyak gumuruh swarane  
tirtanya dres sumembur  
tibeng parang laumutnya wilis  
ing pinggir pacar toya  
lawan wunga rumpuk  
putranika muhung lukar

pandhan surat ing tepi yayah ing tulis  
tinon munggeng lepiyan.

18. Tuluy langen turun aning margi  
pancuran ika pinggiring marga  
parantining wong areren  
medal sakehing watu  
tinalangan wirada gadhing  
ing pinggir pisang wana  
kakarsa wohipun  
winelet dening katira  
kapawanan kalawan jaguta resik  
kadya makon araryan.
19. Aris mangke lampahe ing margi  
rawan rawan sumber rancan ancah  
pinggir enu tulya andher  
minanya keh adalur  
tunjung rakta lan irim irim  
sungsungan abrah mekar  
sekare ing banyu  
arjuna taru ajar  
tanpa lulus putat rajasa ing tepi  
wuntelan wreksa praba.
20. Sumengka geger mangke Ki Bumi  
asmu gangan denira lumampah  
ing marga keh durgamane  
Nyi Sumbaling winuwus  
lampahira akrep anolih  
wruh yen rimong akathah  
atut pinggir enu  
sona ajag mangsa srengga  
kabarat sukarang amegat margi  
jangjam angungsi pringga.
21. Turya langen kalangening wukir

angsana mambang asri winuryan  
bramara ngrubung sekare  
gandanya mrebak arum  
kajulina tumibeng siti  
kadya weh raras ing tyas  
alangen dinulu  
pantes enggening angeca  
anglilipur manah ingkang anggung wingit  
ing kalaning kartika.

22. Hegar manahe mangke Ki Bumi  
lumiyat kalangening acala  
kusuma andra sekare  
paksi asrang aumung  
lir anapa kang wau prapti  
kang kadhasi sasangka  
munya padha nungsung  
anjra wijiling mayana  
amlasarsa amrih turuna ing riris  
tanggal ing mangsa kapat.
23. Ika cakra sruh dening Ki Bumi  
prawata lit toyanya ungakan  
asri asimpar sumare  
punika karsanipun  
ingenggenan dening Ki Bumi  
dennya amangun tapa  
kalih garwanipun  
sampun kinarya banjaran  
pinaraban **patapanira Ki Bumi**  
dhekeh ing Wanasunya.
24. Sampun kinarya dhekeh pakarti  
Ki Panorta ing paparabira  
Syekh Bandubrangta wastane  
nggenira ambil semu  
Nyi Malarsih paparabneki

Rubiyah Sangubrangta  
ing paparabipun  
lintang kasutapanira  
kirang dhahar ing wengi sira ngabakti  
sarwi angraksa pandam.

25. Nyi Sangubrangta atanyeng laki  
lah Kai isun pituturana  
tingkahing lumampah mangke  
iku pitaken isun  
inggang pundi lampah inggang lwih  
isun pituturana  
manira yun weruh  
amuwus Bumi Panorta  
sabdanya rum rabine den pituturi  
manira amiyarsa.
26. Nenggeh inggang lampah wong utami  
anut lampahing nabi utusan  
titiga ika kathahe  
sanes kang ing jabaku  
kang ing jero nenggeh kakalih  
iku lampah utama  
manira angrungu  
ingarsan lampah jatmika  
iya iku kang tinut dening sabumi  
haku sawardu alam.
27. Nyi Sangubrangta atanya malih  
lah mangkin tuwan tetalakena  
wacananira tegese  
punapa karsanipun  
inggang basa ing jro ing jawi  
miwah wahya jatmika  
paran tegesipun  
manira arsa uninga  
anauri Syekh Bandu wacana aris



manira amiyarsa.

28. Ana dene lampah kang ing jawi  
sarengat iku wasta ne ika  
sakawan iku tiyange  
salat kalawan saum  
ing sawulan lan munggah kaji  
jajakat lan pipitrah  
lampahena iku  
iku lampah kang ing jaba  
ingaranan lampah wakyah araneki  
manira amiyarsa.
29. Karane ingaranan ing jawi  
kalakuwan sakehing sarengat  
lakune anggaotane  
lampah sarengat iku  
osik meneng pakaryaneki  
sujud ruku punika  
ing pakaryanipun  
ing enenge tumaninah  
iya iku saking pakening Yang Widi  
dadya parlu ing sira.
30. Lampahena iku den nastiti  
iya iku dhasaring lumampah  
kang sarengat marga gedhe  
yen den tinggala iku  
lamon nora den ambah dhingin  
yakti mangsa benera  
nenggeh ing wong luhung  
dennya nira jiwa raga  
tan liyan saking sembah lawan kang pamuji  
manira amiyarsa.
31. Ana dene pamurunge iki  
kang lumampah ing marga sarengat

yen tanaga pamilihe  
anuduhaken kayun  
batal karam tan den singgahi  
iku amurung tata  
murung lampah arju  
yen mangkanaa ing tindak  
amintuhu wuwus Nyi Mbok Sangubrangti  
ika kawula nedha.

32. Kang aneng jro ika kados pundi  
kang winastan lampah kang jatmika  
layan pundi kakalihe  
Syekh Bandubrangta muwus  
kang ing jero puniku nini  
ingaranan tarekat  
lampah ing jro kalbu  
ingaran wakya jatmika  
iya iku sakawan tiyange nini  
manira amiyarsa.

33. Angandel ing Yang kang karihin  
yen anane tunggal tan sasama  
tetep langgeng sasipate  
kaping kalihe iku  
madhep ing Yang nora agingsir  
tiyange kaping tiga  
anedha pitulung  
amalar maleri Sukma  
sakawane ajrih maring Sukmajati  
iku ujaring dhalang.

34. Kampahing tarekat iku nini  
angurangi pangan turu ika  
madhep ing Yang pinangkane  
anutuh raganipun  
dipun cecel ing pangabakti  
kang nglarani sarira

inane kang ketung  
tan ayun bukti surasa  
dipun titi napsune lan pangabakti  
iku lampah tarekat.

35. Ana dene pamurunge iki  
kang lumampah ing marga tarekat  
yen ana munggeng atine  
lawan wiyosing kayun  
lawan pakeh nuwuki bukti  
tresna loba ing dunya  
wurung lampahipun  
nora teka ing tarekat  
anauri wuwus Nyi Mbok Sangubrangti  
ika kawula nedha.
36. Kang hakekat ika kados pundi  
punika tuwan wejang kawula  
manira yun wruh jatine  
Syekh Bandu dan amuwus  
kang hakekat nenggeh puniki  
sinung mundhak ing tingal  
tingkahing wong junun  
tan emut ing jiwa raga  
kandheh ing sih marmane lali ing dhiri  
kadya tanpa warana.
37. Iku lampahing hakekat adi  
kang tumeka ing marga hakekat  
tanana lampah den gawe  
bidengah bawanipun  
laling tata jiwa len dhiri  
tutur pangawruh ilang  
mantep ilang linglung  
wis kandhi ing raga sukma  
Sangubrangta sumungkem padaning laki  
ika manira nedha.

38. Kang sawaneh paksa angawruhi  
angaku prapteng marga hakekat  
sarengate tan den gawe  
linyok ujar puniku  
mila punang hakekat iki  
nora marga sarengat  
tulus sasaripun  
munapek dhustha durjana  
mapan iku wus pinager dening nabi  
lamon wong iku sasar.
39. Karamate amangana api  
miwah angambaha awang awang  
lumaku alulur ing weh  
pacuwan sira nurut  
yen tinggal sarengating nabi  
yadyana angaramat  
kaya wong anjantur  
iku kasaktening setan  
nora lewih dening angambah wiyati  
iku den kawruhana.
40. Tan kena beda tunggale iki  
kang sarengat lan tarekat ika  
kayapa lah pralabine  
kayu sarengat iku  
mangka wohe tarekat iki  
ing kayu **tanpa woha**  
nora pedah iku  
mangkana ing wong punika  
yen tanana kawruhe nora lastari  
ing pundi nggene tumrap.
41. Ana ujaring wong kang tan singgih  
sarengat iku yen den tinggala  
lir wawadhah upamane  
tarekat isinipun

nenggih ingkang sarira iki  
yèn suci atinira  
nora bayanipun  
wawadhah milu punapa  
wuwus iku nora patut lawan dalil  
yakti wong iku sasar.

42. Malah res tyas ingkang rengéh wangsit  
Nyi Sangubrangta amrih laksana  
kadya tangi raragane  
angrungu tutur arju  
kang den atya laksananeki  
ing tutur len laksana  
mapan tan rahayu  
mangkana laksana iku  
yèn tanana tuture nora lastari  
lampahé anglambayang.
43. Dadya tan pegat duka priyatin  
yèn Bandubrangta len gawanira  
den tungkulaken sirahe  
menggeng jejengkunipun  
pan tan kena ing dhahar guling  
asruh amesuh raga  
asabillen napsu  
tan emut ing raga jiwa  
sampun leseh sarirane den larani  
sampun mindha kunarpa.

## XVII. DHANDHANGGULA

1. Syekh Amongraga kawuwus malih  
apan kalanira kadhatengan  
Malangkarsa tatamune  
rawuh sakaomipun  
Jayasmara ingkang den iring  
lawan Ki Jayengraga  
punika donipun  
eca denya tetrebangan  
tigang dina ing dalu tanana guling  
sami agineman rasa.
2. Lintang katuju Ki Malangkapti  
Amongraga tetap ing kadi agama  
**wakyah** jatmika lakune  
ika pralabinipun  
gatha gedhah kang jreni  
ingisenan sarkara  
rembese kadulu  
koclake katon ing jaba  
Amongraga antuk pakretining nabi  
tuhu yen wong utama.
3. Sampuning bakda denya ngabakti  
Amongraga ika **papasihan**  
ing langgar lan tatamune  
rame sami anggemyung  
santri Monthel amarung geni  
lawan santri Pacira  
kandhuri lumintu  
eca denya trebangan  
kaomipun sadalu tan ana guling  
sami sasalawatan.
4. Trebange muni angalik-ngalik  
Anggungrimang denya anarebang  
anggarit ati tembange

Mangunarsa asuluk  
tingkahing wong saphi birahi  
ingkang kinarya tembang  
ing pasemonipun  
karenan Ki Malangarsa  
asangatah Syekh Monah den kujiwati  
na apa samana.

5. Syekh Pariminta nambungi angling  
iya mangko iki duk samana  
Syekh **Tresnaraga** saure  
pan kaya duking dangu  
anauri Syekh Amongsari  
pan iki kadodora  
Syekh Monah sumaur  
tabete iki tanana  
anauri Syekh Malangarsa amanis  
yayi aja kapalang.
6. Syekh Pariminta Syekh Amongsari  
Syekh Monah lawan Syekh Tresnaraga  
**sami asasmita kabeh**  
miwah sami asuluk  
kitab wakdat ingkang den kawi  
kang den karya trсандha  
ing pasemonipun  
den tembangi gula kentar  
yan mangkana apatut lan pramangkawi  
rena Ki Malangarsa.
7. Santri Monthel bayaning takebir  
kang den ucap lan santri Pacirah  
sami adreng raraane  
denira ngambil **semu**  
Ki Pacirah angilong cermin  
andulu wawayangan  
mesem asmu ngguyu

Ki Monthel anabuh panjang  
sasiptane unine nora aganti  
panjang lawan panembang.

8. Syekh Amongraga kalat ing wangsit  
sing sapa sampun sampurna marga  
marga tan den ucap mangke  
kang wis tumekeng laku  
mapan laku nora den anggit  
kang wus tumekeng tingal  
tingal tan den wuwus  
memeng tanana angucap  
kaomipun sadaya tanana angling  
mesem Ki Amongraga.
9. Ing pasemon sami ujungan ling  
sampun sira sami bawarasa  
Syekh Malangkarsa wuwuse  
amit kalaning dalu  
Malangkarsa wuwuse manis  
Kai Syekh Wanantaka  
manira mit mantuk  
amuwus Syekh Amongraga  
sampun ageh dereng tutug apulang sih  
manira neng onengan.
10. Syekh Malangkarsa amaksa amit  
Syekh Amongraras yayi kantuna  
manira ya pasang tabe  
dipun pencad akantun  
Amongraras ika abakti  
lawan Syekh Amongkarsa  
wus amit tumedhun  
sampun sami sasalaman  
kaomipun sadaya sami angiring  
miwah santri Pacirah.
11. Henengakena Syekh Malangkapti



wus mantuk ing Ardi Pala malah  
Syekh Amongraras wuwuse  
kalintang sukanipun  
Tambangraras lan Amongragi  
arine nandhang bawa  
atataki laku  
angange wastra salirang  
amatek raga anoraken dhiri  
anom anom lumampah.

12. Arine ika tansah den kanthi  
Silabrangta asih asasanak  
malah susunggu polahe  
atanya arinipun  
Amongraras atatur jati  
mara ing kakangira  
polahipun kantung  
susah ing sapungkurira  
rarenira kakang sami angulari  
lir sawung tanpa yayah.
13. Ki Pangluruh lan Ki Ragakapti  
kinengken tumut ing bot layaran  
manawi kakang winade  
titiyangira ngutus  
ing Samboja Sjidhem Patani  
Johor wus kinengkenan  
Ki Panurat tumut  
kinengken maring Madura  
Ki Pangrunda maring Lombok lan ing Bali  
ing mangkin dereng teka.
14. Manira ping kalih angulati  
Lurah Janggala manira rarah  
saenggen rare berete  
miwah ampiyanipun  
ing Kalangbret Waja Waturip

Bantal lan Padhomasan  
Pangromalan sampun  
tembus tekeng Lebuasta  
ing Tanggalek ing Wengker wus sun ulati  
kabeh manira rarah.

15. Miwah kakang ramanira istri  
prijatin kakang sapungkurira  
meh ayun pejah anglare  
saking priyatnipun  
lamon wengi tan kena guling  
kakang sapungkurira  
anggesok amangu  
tansah amanca udrasa  
rama priya besur denny mamarahi  
anging tan den piyarsa.
16. Manira tan kawasa **ningali**  
baya leheng pejaha ing paran  
sumadi tumon polahe  
katuju rama ngutus  
sore teka enjinge balik  
suka kakang manira  
arine den rangkul  
isun yayi kaniaya  
Silabrangta den tutuh sariraneki  
sarwi mangke karuna.
17. Isun tegane wong ala lewih  
Tambangraras paran polahira  
yen tanana sapurane  
sihing Yang Sukma Luhur  
kang pininta pinta ing dasi  
lah ta denapuraa  
brangtaning wong punggung  
tuhu yen jatining ana  
dipun tutuh ragane sarwi anangis

Amongraras karuna.

18. Syekh Amongkarsa ika ngaturi  
sampun winuwus kakang mangkana  
balik pinrih kasidane  
tulusa lampah arju  
kang pininta pinta ing dasi  
kakang sapuraning Yang  
arine den rangkul  
mangko bayah sira tuwa  
emutena kakangira lamon lali  
iku sun tendhang sira.
19. Lawan priyatin Nyi Silabrangti  
amuji ing Yang asambung donga  
anjalaweni semune  
Amongraga wus weruh  
ing semune Nyi Silabrangti  
yen ayun apanggih  
layan darmanipun  
amuwus Syekh Amongraga  
mintara ta ing mangkin sira sun iring  
marek ing darmanira.
20. Asaur sembah Nyi Silabrangti  
lintang sukurira ing Pangeran  
sinukan dening kakunge  
Amongraga amuwus  
Mangunarsa kantuna yayi  
lawan Ki Anggungrimang  
rewangira kantong  
mintuhu kang inujaran  
santri Monthel sun bakta lan Nyi Candhini  
kesah ing Wanamarta.
21. Punika yayi marga kang becik  
anang dhekeh tataruka anyar  
ing Ardisunya wastane

iku isun angrungu  
yantén ingkang bikseké lewih  
dede amangun tapa  
kalih garwanipun  
aran Ki Syekh Bandubrangta  
garwanipun wastané Nyi Sangubrangti  
puniku ingampiran.

22. Syekh Amongraras amuwus aris  
kakang pundi margi kang ingambah  
Syekh Amongraga wuwuse  
tan wonten sangginipun  
singa marga ingambah becik  
mesem Syekh Amongkarsa  
angrenge kang muwus  
mintar Ki Syekh Amongraga  
Amongkarsa Amongraras mangke ngiring  
mangke ing lampahira.
23. Tuhu Syekh Amongraga yèn lewih  
sampun antuk jenenging atapa  
tan anut **margi lampahé**  
datan angrasa ewuh  
muwah ingkang sami angiring  
ika ing lampahira  
pan sami rahayu  
anglampahi wana pringga  
jurang mba jro iring iring paranya writ  
ing imbanging acala.
24. Bawastati lampahé ing margi  
kacipta prapteng Ardisunyata  
Syekh Bandubrangta wuwuse  
santri Luncing wis rawuh  
angulati nora pinanggih  
lawas dennyang angrarah  
tembening tinemu

adhekeh ing Ardisunya  
Nyi Candhini kinen angulari margi  
mintar kang inujaran.

25. Santri Luncing kapanggih ing kali  
ing karepe dadya atatanya  
tan wruh dening ki sanake  
pareng denny andulu  
santri Luncing lan Nyi Candhini  
uning yen sanakira  
arine den rangkul  
Ki Luncing angrangkul pada  
kang Candhini saking endi sira iki  
isun lir wong nyupena.
26. Arine ika dipun tangisi  
sarwi atatur ing polahira  
manira iki kinengken  
angulati dalanggung  
Tambangraras yayi sun iring  
lawan Ki Jayengraga  
Jayasmara tumut  
kalawan Ki Amongraga  
arsa marek ing rama mampir ing riki  
ing ngendi Ardisunya.
27. Sampun tutug denira **anggothi**  
kakang arine ika apajar  
Ki Luncing ika ujure  
tanaya tuwan rawuh  
Tambangraras len Jayengrasmi  
miwah Ki Jayasmara  
Amongraga tumut  
amyarsa Nyi Sangubrangta  
tambal bedhah kaskul remek tan den tolih  
gugup Nyi Silabrangta.
28. Nyi Sumbaling tiba kasuliring

tapi bedhah ika patang kilan  
amung kari pipinggire  
pan saking gugupipun  
tangan rombeng anyandhak eri  
sikile karencalan  
kang kiwa kasrampung  
kang tengen anyandhung tunggak  
angririntih guyunę asemu tangis  
Candhini nuli teka.

29. Mangkono malih Nyi Silabrangti  
sampun pinajar malih mangkana  
gupuh malajeng angure  
pan saking tresnanipun  
rama suta utameng brangti  
sami ararangkulan  
kalih sami kantu  
tumungkul Syekh Bandubrangta  
salilire Tambangraras asung bakti  
angrasa yan wiwirang.
30. Asung salam ika andhingini  
Amongraga aglis sinambrama  
arum manis pamuwuse  
lah **bagya** anakisun  
Bandubrangta ika nuruni  
Amongraga dan mojar  
sampun ta tumurun  
amepes Syekh Amongraga  
Bandubrangta punika amepes malih  
sami anjawat asta.
31. Syekh Amongkarsa Syekh Amongsari  
pareng sira anungkemi pada  
Syekh Bandu lintang sukune  
maring Yang Sukma Luhur  
Jayasmara lan Jayengragi

- sami anandhang bawa  
 anake den rangkul  
 sira wokeh puadingwang  
 iya sira marga manira birai  
 wirang maring Yang Sukma.
32. Kadi katurunan Yang Amurti  
 Syekh Bandubrangta ing nyananira  
 kalintang lintang sukane  
 dhateng Yang Sukma Luhur  
 Bandubrangta angling ing ati  
 bayah ta asihing Yang  
 Amongraga rawuh  
 bayah jujurakan lampah  
 sun wus tuwa Amongraga sun guron  
 angucap jroning nala.
33. Wis tumurun hyang pratanggapati  
 Syekh Bandubrangta Syekh Amongraga  
 sami angabakti mangke  
 pan tan kena winuwus  
 sembahing wong ingkang utami  
 osik bawane ika  
 iku sembahipun  
 eseme guyune iya  
 kang saweneh ana paksa angawruhi  
 lir anda nongton wayang.
34. Warnanen mangke Ki Martabumi  
 pan arinira sami kecalan  
 Ki Panorta ing kesahe  
 kaomipun ingutus  
 angulati nora pinanggih  
 dhateng ing wana pringga  
 tanana tinemu  
 ing mangke miyarsa warta  
 Ki Panorta anenggih sumengkeng ardi

amangun kasunyatan.

35. Den rarah mangke den singgih singgih  
den titik sakehing kasutapan  
tanana kapanggih mangke  
ika katuju metu  
Nyi Sumbaling ika ming kali  
mangka tinatakenan  
bungah manahipun  
endi nggone gustinira  
Nyi Subaling sumaur sarya sung bakti  
rara ndika neng wesma.
36. Anak tuwan uga aneng riki  
Tambangraras lan Ki Jayengraga  
tembene dhateng wingine  
Syekh Amongraga rawuh  
miwah layan Ki Jayengrasmi  
punika sami teka  
kang Candhini tumut  
Sumbaling sira matura  
wartanana yen isun ana ing jawi  
lunga kang inujaran.
37. Rayi ndika wonten ing jawi  
angilari mangke ing andika  
rawuh kabeh sakaome  
yah aturana iku  
Martadesa wis den aturi  
pan gepah sinanggrama  
wus sami alungguh  
sung bakti ki **Martadesa**  
anak dhara sampun sami angabakti  
maring Ki Martadesa.
38. Rayi pakanira kula turi  
tuwan mantuka ing Wanamarta  
miwah kaom ndika kabeh



lir satah tanpa indhung  
ing sapolahe ingkang kari  
dahat denny kecalan  
muwah punang mantu  
salungane Jayasmara  
lir cantaka aminta tibaning riris  
kakang kalawasana.

39. Ki Jayengraga atanya aris  
mantu andika kados punapa  
sapengkere kula mangke  
Ki Martadesa muwus  
rabinira dahat priyatin  
supaya angagema  
ing sapungkurisun  
tumungku angemu waspa  
Jayasmara alon arine den lirik  
mesem Ki Jayasmara.
40. Ki Martadesa angasih asih  
manira kakang kalawasana  
den rerepa kakangane  
sun karya tunggul payung  
dipun kadi ambagawani  
lan ta kakang mantuka  
lawan anakisun  
asasanakisun pira  
tungkulana kakang benjang yen sun mati  
**pakanira mendhema.**
41. Milu kapilu Nyi Sangubrangti  
tumingal maring Ki Martadesa  
angrerepa kakangane  
sumungkem padanipun  
Bandubrangta angling ing ati  
lah iki semuning Yang  
Amongraga muwus

puniku peneding lisan  
tatapaa ing rame den kadya sepi  
iku lampah utama.

42. Mapan ramene ingkang asepi  
iku antuk manira miyarsa  
yen wus wikan mamanise  
nenen prakaranipun  
kang karihin manising pati  
pindho manising lara  
ing ping tiganipun  
iku manising agesang  
sakawane iku manising asepi  
gangsal aluweh ika.
43. Ana dene neneme puniki  
iku antuk manira miyarsa  
puniku manising rame  
ing jrone rame iku  
kang akarya rame den kesth  
dadya patemon ika  
ing Yang Suksma Luhur  
mamanising sepi ika  
ing sepine den emut maring Yang Widi  
tanana anukreta.
44. Ana dene mamanising pati  
tanana tresna ingkang kaetang  
kumambang ing wisesane  
manising lara iku  
pan darana titahing Widi  
manising luweh ika  
ing jro luwehnipun  
antuk pakenak ing tinggal  
manising ngaurip asung patitis  
tuduh ing pawong sanak.
45. Punika kadya ngurugi ukir

anutur antuking among sanak  
Syekh Bandubrangta wuwuse  
lah kaki anakisun  
aja ngucap kadi puniki  
balikan jujurena  
nyawa tindakisun  
tulusena marmanira  
emutena nyawa ta lamon sun lali  
iku sun tedhang sira.

46. Iya tulus nyawa isun mangkin  
mantuk pan sun idhep ujarira  
ing pamurukira mangke  
malar antuka rarju  
sampun dangdan ingkang angiring  
bubar saking pasunyan  
ingiring deng kaum  
bungahing wong kang tumingal  
sami suka sakaoming Martabumi  
Bandubrangta katuran.
47. Henengena kang ana ing margi  
Syekh Bandubrangta lan Sangubrangta  
kang karing wesma ucape  
mapan sampun angrungu  
Bandubrangta lan Sangubrangti  
bubar saking patapan  
lawan putranipun  
kadi tresna kakingkingan  
amiyarsa gereh muni mawor riris  
tanggal ing mangsa kapat.
48. Mbok Turida lan Nyi Rarasati  
kadi sawung kenang wis darpa  
tinulung deng bobotohe  
mangke hegar abangun  
amiyarsa lakine prapti

lagi wonten ing marga  
lintang bungahipun  
sami dangdan pagulingan  
Mbok Turida Mbok Rarasati den turi  
kakang diwasrayaa.


49. Meh prapta ing sasanane iki  
anak dhara ika sami mapag  
miwah jajawene kabeh  
kalintang sukanipun  
miwah kaom sadaya sami  
bungah maryatasuta  
Ki Panorta rawuh  
sawaneh kang kaul niyat  
angawula ing karamat lan angaji  
jarah teterebangan.
50. Pan lampahira dhateng nagari  
ana ta lampahing kang sarengat  
mangke enggennya tuwuhe  
sidhekahe lumintu  
amartani kang den gugoni  
tetebenging lumampah  
manjing dipun agung  
adil hukuming sarengat  
madya salat masjide akeh kang ngungsi  
ing wong aparebatan.
51. Sampun tutug denira anganggit  
mangka dadya guyoning kang bisa  
tan wruh yen dadi cacade  
ing kang awas aluhung  
sumanta kapaksa kumawi  
tan wruh ing basa tembang  
tembunge kol kaku  
mung anedha pangaksama  
kang sami sadya maca ningali gurit

ingwang kang mir "ra mudha.

52. Sasangkalaning Kidung Candhini  
ing kang tinedhak babading jaman  
gana utbuta saktine  
lagya kinawinipun  
sira wolu tenggeg tiga ing  
tusan lima pawohnya  
ing sanunggilipun  
duk kinawi palasthanya  
naun ejim ing sasih Jumadilakir  
wimba ing kawanwelas.

**WONDENTEN SANGKALANING ANGSALING ANEDHAK  
PUNIKI:**

53. Pinemutan palastha sinrating  
dinten Budha tabu dwi  
sang lek Dulkijah wimbane  
ing astha watekipun  
ing warsi Dal kodal kadeling  
ri sedheng sinangkalan  
jaman kalinipun  
sunya rasaning pandhita  
buda Hijrah Nabi yan sapta awari  
ning soca yeka sasra.
-

 PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

Perpustakaan Dir  
Jenderal Kebu

899.222  
KID

INDUNG ANDHINI

Drs. M.